ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№145 (23.303) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Политикэ партхэм

Егъэджэныгъэм и ІэнатІэм гулъытэ игъуэтынущ

Къэралым и щыналъэм щытопсэлъыхь «Урысейм и къэкІуэнур егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэщ» къыхуеджэныгъэм щІэту «Урысей зэкъуэт» партым Новосибирск къалэм щригъэкІуэкІа зэхуэсышхуэмрэ партым и унафэщІ Медведев Дмитрий Иркутскэ областым и парт активым зэрахуэзамрэ.

КЪЭРАЛ Думэм и депутатхэр щыхахынум и пэ кьихуэу «Урысей зэкъуэтым» Новосибирск къыщызэригъэпэща зэлуІэшхуэр езы партым и деж кІи, педагогхэм, хэхакІуэхэм я деж кІи мыхьэнэ ин зиІэ Іуэхущ. Апхуэдэу жиІащ «Урысей зэкъуэт» партым и телъхьэхэм я республикэ советым и унафэщІ, КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ, Налшык къалэ дэт курыт еджапІэ №99-м и унафэщІ Коротких Ольгэ.

«Партым и зэлуІэм зэрыщыжаІаращ, акъылымрэ гупсысэмрэ дэтхэнэ лъэпкъым и деж кІи нэхъыщхьэщ. Ди къэралым искъым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ зыгуэркІэ пымыщІа. Абы къыхэкІыу «Урысей зэкъуэтым» егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ къэралым, нобэрей ЦІыхубэм я деж кІэ ІэнатІэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къызэрыпытэр икъукІэ сфІэтэмэмщ», - къыхигъэщхьэхуІащ абы.

Коротких Ольгэ къыгъэлъэгъуащ партым и зэхуэсышхуэм хэтахэм къэралым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ яхуищІ гулъытэр игъэлъэщпхъэу икІи а ІэнатІэхэм яхурикъун ахъшэ яхуиутІыпщым хуейуэ къызэральытэр.

● ЗэІущІэхэр

Илъэс ныкъуэм зэфІагъэкІахэр

Урысей Федерацэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ Савенков Александр Къэбардей-Балъкъэрым къэкІуащ.

КЪБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІащ 2016 гъэм и мазихым я лэжьыгъэм къриКІуахэр къыщалщытэжа зэлуІэ. Абы хэтащ УФ-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ - Урысей МВД-м и Следственнэ департаментым и унафэщІ **Савенков Александр**, КЪБР-мкІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Канунников Владимир**, Урысей МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу КИФЩІ-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ - управленэм и следственнэ ІэнатІэм и унафэщІ, юстицэм и генерал-майор **Горенцев Андрей**, КЪБР-м и Суд нэхъыщхьэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Ашу Мухьэмэд**, щыналъэм и хабзэхьумэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэм щІидзэн ипэкІэ УФ-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ Савенков Александр республикэ МВД-м и лэжьакІуэ нэхъыфІхэм дамыгъэхэр яритащ. Министерствэм Следствэмкіэ и управленэмрэ ІэнатІэ щхьэхуэхэмрэ я лэжьакІуэ зыбжанэм ираташ Урысей МВД-м «За доблесть в службе» и медалхэр, щІыхь, фІыщІэ тхьылъхэр, саугъэтхэр.

Къыдэзрагэкіа илъэс ныкъуэм КЪБР-м щыІэ МВД-м и лэжьыгъэм къриКІуахэм, ещанэ мазищым къапэщыт къалэнхэм ятеухуауэ къэпсэлъащ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ, полицэм и генерал-лейтенант **Ромашкин Игорь**.

Савенков Александр тепсэлъыхьащ КЪБР-м щыІэ МВД-м следствэмрэ дознаниемкІэ и ІэнатІэхэм я лэжьыгъэр къыдэгъэпэщыныгъэ адрей хабзэхьумэ Іуэхущ ІапІэхэм зэрадгалэжьэнымрэ.

ЗэІущІэм къыщалэта Іуэхухэм теухуа унафэхэр къащтащ. Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ Ромашкин Игорь ахэр гъэзэщІэныр зи къалэн унафэщІхэм пщэрыльэ ящищІащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КЪБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ ІапІэ.

Къалэ электросетым щІымахуэм зыхуегъэхьэзыр

Налшык къалэм и электросетыр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэхьэзырынымкІэ лэжьыгъэхэм хиубыдэу «Къэббалъкъкоммунэнерго» муниципальнэ Іуэхущ ІапІэм трансформатор подстанцу, электрокъарур тезыгуашэ пункту 23-рэ зэригъэпэщыжащ, трансформатор подстанцу тІум щІэта оборудованэ псори зэрихьуэкІащ.

АПХУЭДЭУ электрокъарур зрикІуэ кІапсэхэм ящыщу километр 25-м нэблагъэ зэрахьуэкІащ, унэхэм ящыщу 27-м электрокъарур зэрыщІашэ Іэмэпсымэхэр зэрагъэпэщыжащ.

КІапсэхэр зэрахьуэкІын, апхуэдэу ахэр щызэпыч къэмыхъун папщІэ электролинэхэр зрикІуэ щІыпІэхэм хиубыдэу жыгхэр километр 12-кІэ щаухъуэнщІащ.

КъызэралытамкІэ, бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырынымкІэ лэжьыгъэхэм я процент 60 хуэдизыр зэфІагъэкІащ.

АНЗОР Олег.

ХуэдищкІэ нэхъыбэ хъуащ

БлэкІа илъэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ 2016 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Налшык аэропортым щІыхуу щыІэтхэмрэ къыщетІысэхыжхэмрэ хуэдищкІэ нэхъыбэ хъуащ.

ЩІЫШЫЛІЭ - мэкъуауэгъуэ мазэхэм къриубыдэу Къэбардей-Балъкъэрым и къалащхьэм и аэропортым щызэблэкІащ цІыху мин 81-м щигъу. ЦІыхухэм я нэхъыбапІэм (мин 69-м) къагъэсэбэпар къэрал кІуэцІым щызекІуэ кхъухьлъатэхэрщ. Іуэхутхьэбзэ зыхуащІэ цІыхухэр нэхъыбэ щІэхъуам и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ мыбы щыламжьэ авиакомпаниехэм кІаззрыхэхъуар.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 28, *махуэку*

♦Гъуэжь уэрам ебэнымкІ и дунейпсо махуэщ

♦1586 гъэм Европэм кІэрТІофыр къашащ. Колумбием къришри а къэкІыгъэр Инджылызым къишат Хэриот Томас.

♦1697 гъэм Камчаткэ хьтІыгуныкъуэр зэрыщыІэр къхэутащ.

♦1713 гъэм Пётр Езанэм и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ Рижскэ губернием.

♦1858 гъэм криминалистикэм япэ дыдэу къыщІагъэсэбэпащ Іэпапізэхэр.

1914 гъэм Япэ дунейпсо зауэм щІадзащ. Ар дунейм щекІуэкІа зауэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къальытэ. Абы цІыху мелуанипщІым щІигъу зэкІуэдауэ, мелуан 22-рэ уІэгъэ щыхъуауэ щытащ а зауэм.

♦1928 гъэм Нидерландхэм я къалащхьэ Амстердам къыщызэІуахащ IX гъэмахуэ Олимп джэгуэр.

♦1944 гъэм Белоруссием щыщ Брест къалэр совет-тыдзэхэм фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1957 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблыр студентхэмрэ щІалэгъуалэмрэ Москва щрагъэкІуэкІа фестивалым и лауреат хъуащ.

♦1958 гъэм Москва къыщызэІуахащ Маяковский Владимир и фэеплъ.

♦1984 гъэм Лос-Анджелес (США) къалэм къыщызэІуахащ XXIII гъэмахуэ Олимп джэгуэр. Абы хэтакъым Совет Союзымрэ абы и дзэлъгъуэ къэралхэмрэ я спортсменхэр.

♦Франджы драматург **Дюма Александр** (кьуэр) къызэралъхурэ илъэси 192-рэ ирокъу.

♦Сирием щыпсэуэ жылагъуэ лэжьакІуэ, Сорбоннэ дэт университет щІэрыІуэр къэзыуха, «Шэрджэсхэм я тхыдэр», «Шэрджэсхэм пащтыхьхэм я бийуэ ирагъэкІуэкІа зауэхэр» лэжьыгъэхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа **Сэмгугъу Іэмин** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, актёр, сценарист, УФ-м и цІыхубэ артист **Басов Владимир** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Макароэв Инна** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦Венесуэлэм и президенту щыта **Чавес Уго** къызэралъхурэ илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 29, *мэрем*

♦Къаплъэным и дунейпсо махуэщ

♦Молдавием и Конституцэм и махуэщ

♦Румынием и лъэпкъ гимным и махуэщ

♦1836 гъэм Франджым и къалащхьэ Париж къыщызэІуахащ Триумфальная арка зыфІаща ухуэныгъэ тельыджэр.

♦1914 гъэм VI гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр зэрырамыгъэкІыжкІынум теухуа унафэ къащтащ. Ахэр Германием щызэхэтын хуеят, ауэ Япэ дунейпсо зауэр къызэрыхъеям и зэранкІэ ахэр ирагъэкІуэкІауэ щытакъым.

♦1948 гъэм Инджылызым и къалащхьэ Лондон къыщызэІуахащ XIV гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр.

♦1963 гъэм япэу узгум ихьащ цІыхуэхэр къызэрырашэкІ Ту-134 кхъухьлъатэ лІэужьыгъэщІэр.

♦1997 гъэм адыгэ пхъурылъху, Иорданием и пащтыхьыкъуэ Алий Бен-Хъусен «Кабардинка» ансамблым хэтхэм яІущІащ.

♦Дуней псом щыщІэрыІуэ сурэтыщІ **Айвазовский Иван** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Ованес Айвазянщ**) къызэралъхурэ илъэси 199-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым щэнейрэ и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Кадочников Павел** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Абхъазым щыщ еджагъэшхуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, Абхъазым щІэныгъэхэмкІэ и академием и президент **Шамбэ Тарас** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист **Сэхъутэ Нурбий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Сирием щыщ дзэ къулыкъущІэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, генерал-майор, СХЬР-м и Адыгэ ФІыщІэ хасэм и тхьэмадзэм и къуэдзэ **Къэбардей Аднан** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Совет, урысей композитор, уэрэджьакІуэ, продюсер, УФ-м и цІыхубэ артист **Крутой Игорь** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и хэтыр и къэгъэсэбэпыныгъэ

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм хэтыр ящыщу Аруан щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхьным и Іуэхукіэ

Азэмэт ШэІимэт Хьэсэн и пхъум унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Аруан щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхьным и Іуэхукіэ

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м Налшык къалэ №146/6-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэмрэ референдумым хэтынымкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къыизэгъэпэщынымкІэ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 29-нэ статьям и пункт 6-м и «а» пункт къуэдзэм, «Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбардей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» 2003 гъэм щышылъэм и 8-м къащта Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4-нэ статьям и Іыхьэ 2-м и «а» пунктым япкъ иткІэ Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Аруан щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр езым къитха лъэІум ипкъ иткІэ полномочиехэм я пІалъэр ящэмысу щхьэщыхьн Азэмэт ШэІимэт Хьэсэн и пхъум, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым Къэбардей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щІыналъэ къудамэм къигъэлъэгъуар.

2. Хэкіыжам и пІэкІэ Аруан щІыналъэ комиссэм хагъэхьэнум теухуауэ къыхалъхьэхэр къызэрыІахыр хэлъащІыу щІын.

3. Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и хьыбарегъащІэ тхыгъэр къэщтэн ***(мы унафэм щІыгъуу)***.

4. Мы унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ ІапІэхэм къытрегъэдзэн икІи «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м къыдигъэкІа унафэ №146/6-5-мкІэ къиштащ

Хэкіыжам и пІэкІэ унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Аруан щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хагъэхьэн папщІэ къагъэлъагъуэ кандидатурэхэм ятеухуа тхыгъэхэр къызэрыІахымкІэ

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм къит хъыбар

Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Аруан щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэтым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщъэщахэм къыхэкІыу, «Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкІэ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 26-нэ статьям и пункт 6-м тету Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм хэІущІыу ещІ унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Аруан щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм щІэуэ хагъэхьэнум и кандидатурэм теухуауэ къыхалъхьэхэр къызэрыІихыр.

Документхэр мы унафэр къыщытрадзам щегъэжьауэ махуи 10-кІэ къыщыІахьнущ мы адресымкІэ: КЪБР, Налшык къалэ, Ленинм и уэрам, унэ №27, пэш 151. Телефонхэр: 40-64-96, 40-26-88.

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэ.

● Прохладнэ щІыналъэ

Гъавэ бэв къайхъулІащ

Прохладнэ щІыналъэм и мэкъумэщыщІэхэм бжьыхьэсэ хьэпцІийр гектар мини 7,5-м щыІуахьжащ.

ЗЫ гектарым ику иту къытекІащ центнер 35-рэ. Хьэпцій хэхьэпэр яубыдащ зы гектарым центнер 40-47-рэ къытеІыха «Милый сад», «Меркурий», «Роксана», «Восход» мэкъумэш Іуэхущ ІапІэхэм.

Мыхэр бжьыхьэсэ гуэдзымкІи бэлэрыгъакъым - гектар мин 25-м нэс ящІащ. Апхуэдизэ гуэдз ди республикэм нэгъуэщІым щиІакъым. Гъавэр кІэрыхуншэу кърахьэлІэжьымкІ егупсыу. «Прохладное» ОАО-м, «Восход», «Золотая нива» ООО-хэм, «Новатор» предприятэм, «Петровхэ» я цІэр зезыхьэ колхозым я мэкъумэщІэхэр. Куэдрэ къэхъуащ мыбыхэм зы хьэсэ къеКІуэкІыгъуэм гуэдзу центнер 48-50 къыщытраха.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ПІалъэр ягъэІэпхъуэ

Сабий зеиншэхэмрэ зауэ щхьэхуэхэм я ветеранхэмрэ вузхэм щыщІэтІысхьэкІэ яІэ льготэхэр 2019 гъэм щІышылэм и 1-м нэсыху къагъэсэбэпынущ.

«УРЫСЕЙ Федерацэм егъэджэныгъэ зэрыщекІуэкІым и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым къызэригъэувымкІэ, ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуа гупхэм хиубыдэ цІыхухэр бакалавриатым и программэхэмкІэ, апхуэдэу Іэщ Іагъэхэм зэрыхурагъаджэ программэхэмкІэ вузым щыщІэтІысхьэкІэ хуитынигъэ хэхахэр яІэщ:

- федеральнэ бюджетым и хьэкъкІэ еджэн папщІэ федеральнэ къэрал вузхэм щІэтІысхьэнухэр щагъэхьэзыр я къудамэхэм щІэтІысхьэну;

- экзаменхэр тэмэму ятамэ, вузхэм щыщагъэтІысхьэкІэ япэ ирагъэщыну.

Апхуэдэ льготэхэм я пІалъэр 2017 гъэм щІышылэм и 1-м нэсыху ягъэувауэ щытащ. 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м къащта Федеральнэ закон №166-ФЗ-м икІи иткІэ а льготэхэм я пІалъэр ягъэІэпхъуащ 2019 гъэм щышылэм и 1-м нэсыху.

КЪБР-м и прокуратурэ.

Къэбардей уэрамым тета сабий зыгъэпсэхупІэр къызэрагъэпэщыжынущ

Налшык къалэм и Къэбардей уэрамымрэ Нэгумэм и уэрамымрэ я зэблэкІыпІэм хуэзэу тета сабий паркыр зэрагъэпэщыжу щІадзащ. Аттракционхэм я къалэ щыкІуэр зыхуэщІауэ щытынур зи ныбжьыр илъэси 3-10-м ит сабийхэрщ.

ШАХМАТ школыр здэщыта щыпІэм деж къатитІ хъу унэ щащынущ. Абы и етІуанэ къатым шахмат школыр щІагъэтІысхьэжынущ, япэ къатым цІыкІуэр зэрыджэгу автоматхэрэ сабийхэм папщІэ каферэ щыІэнущ. Революционнэ уэрамымрэ Нэгумэм и уэрамымрэ автомашинэ гъэувыпІэхэр къыщызэрагъэпэщынущ. Мы паркым ит жыгхэр псори къэнэнущ, езыр зэрыщыту зэІуэпэщ ящІынущ.

БОРЫКЪУЕЙ Анатолэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щыгъыным и щІэр, ныбжьэгъум и жьыр.

● Зэпыщlэныгъэхэр

Урысеймрэ Тыркумрэ я зэхущытыкlэр нэхъыфlыж хъуну?

Iэщlагъэлlхэм къызэралъытэмкlэ, Сириемрэ Iуэхумрэ ИГИЛ-м пэщlэтыныморэ теухуауэ зы унафэ къызэдащтэмэ, Урысеймрэ Тыркумрэ я зэпыщlэныгъэхэр нэхъ быдэж хъуфынущ илъэс и пэкlэ зэрыщытам елъытауэ.

ШЫЩХЬЭУIУМ Санкт-Петербург щызэхуэзэнчущ Урысеймрэ Тыркумрэ я президентхэу Путин Владимиррэ Эрдоган Реджепрэ. Ахэр тепсэлъыхьнущ нэгьабэ щыкlуэгъэуэм тырку истребителхэм урысей Су-24-р къраудыха нэужь, пlэнныкъуэхэм я зэхущытыкlэ зэпыщlэныгъэхэр зэрыраГъэфlэкlуэжынум.

Тхьэмахуэ кlуам Китайм и Чэнду къуалэм щиухащ G20-м хэт къаралыгъуэхэм финансхэмкlэ я министрхэмрэ Банк Нэхъыщхьэхэмрэ я зэпыщlэу махуитlкlэ екlуэкlар. Абы къыщащта унафэхэм ятепщlыхьмэ, «тlощlышхуэм» хэтхэм Эрдоган Реджеп щlэгъэкъуэн зэрыхуэмыхъунур къаГъэлъэгъуауэ.

А псом къищынэмыщlауэ, хуэфlэгъэфащэ хъунущ Тыркур зыщlэхъуэпсу визэнщэ зэпыщlэныгъэр Европэзым имыдэну, къыхуагъэзыва къалэн 72-м ящыщу 5-р зэримыГъэзэщlам къыхэкlыу. Абыхэм ящыщщ Iулъхьэр гъэкlуэдыным теухуауэ лэжьыгъэ зэрыримыгъэкlуэкlыр, Евросоюзым и policum хуиIэ зэпыщlэныгъэхэр зэрыщlимыгъэбыдэр, ЕС-м хэт къаралыгъуэхэм судыщlэ Iуэхум теухуауэ зэрыдэмылажьэр, терроризмэм пэщlэтыным екъэлIауэ къаралым къыщащта унафэхэр зэрамыГъэзэщlэжыр. Псом нэхъыбэу зэгурымыIуэныгъэхэр къызэкlыр судыщlэ Iуэхум екъэлIа зэхъуэкlыныгъэхэрщ. Эрдоган Реджеп Тыркум къыщигъэувыIэну хуеищ цIыхум и хуитыныгъэм теухуауэ щыIэ Европэ конвенцэр, абы къыдэкIуэуи цъхьэпылъэр къриГъэжьэжыну. Урысейр абы зыкIи пэщlэт хуэдэкъым. Iуэху бГъэдыхьэкlэ куэд, тырку лъэныкъуэм къиГъэсэбэпами, Мэзкъущ, армыхьумэ Евросоюзыр е США-ракъым Анкара дэщlар. Тыркум и унафэщlхэр традэын мурадкlэ дзэр къызэрызэрыIэтам ижькlэ къаралым и унафэщlхэр гупсысэ хэхуащ. Тырку унафэщlхэм къызэралъытэмкlэ, я дежь щыIэ НАТО-м Iэщlэкlэ зэщIэуэзда и къарухэм я генералхэр Iомал имыIэу дзэм щагъэхьэзырым щымыгъэзэнкlэ.

А псори къыщыхъур Урысеймрэ Тыркумрэ я зэпыщlэныгъэхэр щагъэбыдэ лъэхъэнэрщ. Мэрем кIуам, бадзэуэгъуэм и 22-м, Урысейм икIыу Тыркум лъэтэн щIадзэжащ авиакомпаниеу 3 - «Аэрофлот», «Россия», «Turkish Airlines». Къэралым политикэ зэпэщlэуэныгъэ ин къыщыхъуэми, Росавиацэм кхъухьлъатэ абы зэримыгъэкIуар тхьэмахуэ иримыкlыу. Шышхьэпlуэм и кум ирихьэлIэу чартерхэр хуит ящыкъыну хуэбгъэфащэ хъунущ. Урысеймрэ Тыркумрэ я президентхэм я зэпыщlэм, къэралым къызэраГъэтэмкlэ, къэралхэм я экономикэ зэпыщlэныгъэхэр икъукlэ нэхъ быдэ зыщlыкъ кърикIуэнущ.

Къэрал Думэм хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщlым и я́пэ къуэдзэ Калашников Леонид и фlэщ мэхъу кризисым и пэ къикхуэу зэрыщытам нэхърэ къэралитlым я зэпыщlэныгъэр нэхъ лъэщ зэрыхъунур.

«Тыркури Урысейри къуэхъэпlэ къэралыгъуэ куэдым къыщыхахуаэхэм ящыщщ. Абы къыхэкlыу иджыпсту дызэкъуэувжьафынущ», - къеIуатэ и гупсысэхэр Калашниковым. Абы къызэрилъытэмкlэ, президентхэм я зэпыщlэм Iуэхугъуэ куэдым щытепсэлъыхьнущ, экономикэм къыщыщlэдзауэ политикэм щиухыжу.

«Дэ акъылэгъу къэдгъуэтыжам и закъуэкъым, атlэ ди гъунэгъум худиIэ зэпыщlэныгъэр догъэбыдэ. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэщ», - жеIэ Iэщlагъэлlым.

«Урысеймрэ Тыркумрэ зэкъуэувэу зы Iуэху еплъыкlэм къытеувыIэн зэрыхуеймкlэ куэдыр арэзыщ. Ауэ сэ си фlэщ къурхъым а зэпыщlэныгъэм и фIыпlэр Эрдоган и тетыгъуэм ирихьэлIэну - ар куэдым къащхьэщыкlэ политикщ. Абы къыгъэлъэгъуауэ ныбжьэгъу пэжу зэрыщlымытыр. Апхуэдэ Iуэху зыщыбГъэгъупщэну гугъущ. Ауэ абы кIыкIркъым дэ зэгурыIуэныгъэм и гъэзугум дытетын хуэмейуэ», - жеIэ Федерацэмкlэ Советым Хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщlым и къуэдзэ Климов Андрей. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщымкlэ, Урысеймрэ Тыркумрэ къэралыгъуэ зэгъуэнэгъу къудейкъым, атlэ экономикэ проектышхуэхэр зи зэхуаку дэлъащ. Апхуэдэхэщ атом станцыр ухуэныр, «Ипщэ унэтlыныгъэр», илъэс 15-м кърикуфынущ ягъэзэщlэн хуей нэгъуэщI проектхэр.

«Апхуэдэ щIэдзапIэхэр дзэзыхьэхщ, зэман кIыхькlэ уэздзлэжьэну щытмэ. Арщхьэкlэ иджыпсту Тыркум зэIымыбз куэд щыIэщ, абы къыхэкlкlэ зэкlэ уемыпlэщlэкlмэ нэхъыфlщ. Мы зэманым нэхъапэр зэхущытыкlэр зэпIэзэрыт щыIэжынымрэ сирие кризисыр зэхэгъэкIынымрэщ», - жеIэ Климовым.

Политикэ къэпщытэныгъэхэмкlэ институтым и унафэщI Марков Сергей и фlэщ мэхъу урысей-тырку зэхущытыкlэр зэпIэзэрыт щIыжынымрэ сирие кризисыр сэбэп зэрыхуэхъунур.

«Нэхъапэм Iэрыщытам хуэдэу, ныбжьэгъугъэ быдэ Путинрэ Эрдоганрэ я зэхуаку дэлъэжьыну къыщIэкIынкъым, ауэ ефIэкIуэжынущ. Урысейм и Президентыр Тыркум и унафэщlым икъукlэ сэбэпышхуэ хуэхъущ. Сэ къызэрызгурыIуамкlэ, ди тIасхъэщIэхэр тырку генералхэм жаIэм-кlэ щIэдэIухьри, къызэрыIэтым сыхьэт зыбжанэ иIэу Эрдоган хъыбар ирагъэщIащ. Абы къыхэкIыу зэхущытыкlэхэр зэпIэзэрыт хуэжынущ», - къеIуатэ и гупсысэхэр Iэщlагъэлlым.

Марковым и Iуэху еплъыкlэм тепщlыхьмэ, къэралым и щытыкlэр и пlэ иувэжмэ, зэпыщlэныгъэхэри зэрыщытам хуэкIуэжынущ.

«Зэхущытыкlэхэр илъэс и пэкlэ зэрыщытам нэхърэ нэхъыфlхъуныр Iуэхугъуэ зыбжанэм елъытащ. Ахэр - Евросоюзырщ, США-рщ, Сириерщ. Асад и къулыкъум тегъэкIыныгъэ Джебхат ан-Нусрэм (ди къэралым щыIэжьэну хуиныт зэгурымыIуэныгъэ) теухуауэ иIэ еплъыкlэхэмрэ зригъэхъужкъмэ, зэхущытыкlэхэр икlэщlыпlэкlэефlэкlуэнущ», - жиIащ Марковым.

Iэщlагъэлlым къызэрилъытэмкlэ, иджырей зэIущlэм президентхэр щытепсэлъыхьыфынущ зэкъуэмкlэ зэпыщlэныгъэхэр зэтегъэувжьыным, Сирием екъэлIауэ зэгъуэсу ялэжьыгъэхэм, Херсон областым щыIэ террорист гупхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуныр Тыркум щигъэзэтыным, кърым-тэтэр медджлисымрэ адрей щIэпхъаджащIэхэм я лэжьыгъэмрэ къызэтегъэувыIэным...

Урысей - тырку зэпсэлъэныгъэм и платформэм и унафэщI Ахмедов Ахмэд и фlэщ мэхъу Тыркумрэ Урысеймрэ я зэхущытыкlэр зэрыщытам нэхърэ нэхъ быдэ зэрыхъунур.

«Зэхущытыкlэхэр нэхъыфlщlэхъунрэ зым и нэр зэрыгъэхъ дахэм щхьэкlэжьым е адрейм абы фlыгъуэ гъэрхэр къыхихыну аракъым. Абы, псом я́пэу, зифI хэлъыр Тырку Республикэрщ. Шэч хэмылъу Урысеймрэ фIы къыхэдгъэкIуэнущ а Iуэхугъуэм. Иджырей щытыкlэм ди къэралхэр абы ирехулIэ. Дунейм къару куэд тетщ Тыркумрэ Урысейрэ зэныбжьэгъу хъужыну хуэмейуэ», - къеIуатэ Ахмедовым. Ар зэрелъымкlэ, Урысеймрэ Тыркумрэ я президентхэр, псом я́пэрауэ, зытепсэлъыхьыкlэ хуейр политикэ Iуэхухэрщ, армыхьумэ тырку-кум ящэ помидорхэмрэ нащэхэракъым, уеблэмэ туристхэракъым.

«Псом я́пэрауэ, Сирием теухуауэ щыIэ еплъыкlэмкlэ зэгурыIуэн хуейщ. Тыркум щызэхагъэкlкlэн хуейщ хэт абы щыунафэщlми. Асад и къулыкъум тегъэкIыным теухуауэ Тыркум иIэ еплъыкlэр ихъуэжьыпхъущ. ЕтIуанэрауэ, нобэ Тыркуми къыпэщlэува ИГИЛ-м унафэ пыухыкIа тращыкlыну и чэзущ. Ар зэран къыхуохъу Урысейми, абы и Кавказ Ищхъэрэми. Ахэращ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр», - къеIуатэ Ахмедовым. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщымкlэ, Къухьэпlэм Урысеймрэ Тыркумрэ сыт хуэдэ Iэмалкlэ зэфIигъэнэну хэтами, нобэ нэрылъагъу хуэщ мэл хужьыр дэнэ щыIэми, фIыцIэр сыт хуэдэраз.

«Псори зыхуэкlуэр Урысеймрэ Тыркумрэ я зэпыщlэныгъэр нэхъ быдэ хъунырщ. Гъащlэм абы иреГъэуваIэ», - жеIэ Iэщlагъэлlым.

БАШЛЫКОВЗ Наталье.
«Аргументы и факты»

● Мылъку

Щыхьэт техъуэ тхылъхэр щыIэжынукъым

Бадзэуэгъуэм и 15-м къыщыщIэдзауэ Урысей Федерацэм къару щигъуэтащ бГъэIэпхъуэ мыхъу мылъкур зейм зэрыIэщIэлъым щыхьэт техъуэ дэфтэрыр зэрамытыжым теухуа унафэм. Дяпэкlэ апхуэдэм щыхьэт техъуэнур Зыуэ щыт къэрал реестрым итыну къыхэтхыкlырщ. Арщхьэкlэ, нэхъапэIуэкlэ ята дэфтэрхэм я къарури кIуэдакъым, я мылъкум щэн-къэщэхун унафэ тращIыхьыными зыкIи зэран хуэхъунукъым.

Зэхъуэкlыныгъэхэм я мыхьэнэр

«БГъЭIЭПХЪУЭ мыхъу мылъкур цIыхум и цIэкlэ зэрыщытым бадзэуэгъуэм и 15-м къыщыщIэдзауэ щыхьэт техъуэнур Зыуэ щыт къэрал реестрым (ЕГРП) итыну тхылъымпIэрщ», - щыжаIащ Iуэхущlапlэм и пресс-Iэнатlэм.

Къыхэтхыкlым кьигъэлъэгъуэнущ а зэманым ирихьэлIэу мылъкур хэт Iэщlэлъми икIи абы теухуауэ тхыгъэ а махуэ дыдэм ЕГРП-м и базэми ихуэнущ. Дэфтэрыр тхылъымпIэм тетуи электрон щытыкlэуи къыпIэрагъэхьэфынущ.

«Нэгъуэщlу жьпIэмэ, 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Ивановым и цIэкlэ фэтэрыр зэрыщытымкlэ къыIаха дэфтэрыр 2050 гъэ пщlондэ пэ -жу щытынущ. Ауэ а дэфтэрыр щыхьэт зытехъуэнур 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу фэтэрыр Ивановым и цIэкlэ зэрыщытарщ, армыхьумэ абы иужькlэкъым. КъыкIэлъыкIуэ зэманым мылъкур и цIэкlэ зэрыщытыр къигъэлъэгъуэн папщlэ абы иджыри дэфтэр къриIыхьэн хуеинущ», - жеIэ юридическэ гупым и авдокат Мачнев Александр.

«Дауэ хъуми, цIыхухэм я дежкlэ зызыхъужьныныншхуэ щыIэкъым. 2017 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ а щытыкlэм дыззэрыхуэкIуэнур унафэм къыщыгъэлъэгъуат», - щыжаIэ Экономикэ зыужьныныгъэмкlэ министерствэм.

Росреестрым къызэрыщыгъэлъэгъуамкlэ, 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м и пэ къихуэу ята дэфтэрхэр (свидетельствохэр) хъуэжьын хуейкъым. Ахэр щыхьэт тохъуэ абы къыщыгъэлъэгъуэ зэманым къыщыщIэдзауэ мылъкур къызIэрыхьам и цIэкlэ зэрыщытым. Iуэхуцlапlэм зэрыщыжаIэмкlэ, нэхъапэм цIыхухэм Iэмал яIэу щытащ сыт хуэдэ щыхьэт тхылъ къыIахынуми: Зыуэ щыт реестрым и къыхэтхыкlыр е свидетельствэр. Иужьрейр зэрыщыщIэжьым щыхьэкlэ къэмынэу, щэн-къэщэхун Iуэхуэр зэрекIуэкlыпхъэр зэрыщытам къытенэжынущ.

Мылъкур уи цIэкlэ бгъуэвыным екъэлIа дэфтэрхэр Электрон Iэмалкlэ Росреестрым и Iуэхущlапlэм е Iуэхутхъэбзэ куэд щащlэ центрхэм (МФЦ) епт хъунущ.

Къыхэгъэщыпхъэщи, свидетельствэхэр зэрыщымыIэжьым щхьэкlэ къымынэу, Iуэхутхъебзэр зэрагъэзэщlэну пlалъэм зихъуэжакъым. Мылъкур цIыхум и цIэкlэ гъэувыным лэжьыгъуэ махуипщl токIуадэ, нэгъуэщI унафэ абы екъэлIауэ щымыIэмэ. Къэрал пошлинэри зэрыщытащ. Псалъэм папщlэ, къызэрыгуэкI цIыхум и дежкlэ абы и уасэу щытынущ сом мини 2, Iуэхущlапlэхэм щхьэкlэ сом мини 22-рэ.

Зэресам хуэдэу щытыжынукъым

ЮРИСТХЭМИ Росреестрми зыжьэу щыжаIэ мылъкур зыгуэрыи и цIэкlэ зэрыщытымкlэ щыхьэт техъуэу щытынур къэрал реестрым щатха закъуэр арауэ къызэрыкlэнур. Абы къыхэкlкlэ цIыхухэр щIэныкъэ щIэгъуэзвэни а зэхъуэкlыныгъэм къишэнукъым.

«Дэфтэр нэхъыщхьэр - бГъэIэпхъуэ мыхъу мылъкур къызэрыпlэрыхьамкlэ зэгурыIуэныгъэщ. Аращ лъабжьэ хуэхъуар мылъкур уи цIэкlэ къэрал реестрым щагъэувыным», - жеIэ адвокат Iуэхущlапlэм и юрист Мстоян Тамаз.

Юристхэми, риэлторхэми, къызэрыгуэкI цIыхухэми мылъкум ехьэлIа Iуэхугъуэр щызэфIахкlэ псори зэрыщыта щIыкlэм къытенэжынущ. «Нэхъапэми зэгурыIуэныгъэм и пэщlэдзэну мылъкур зейхэм ЕГРП-м и къыхэтхыкlыр къраныхьи хуейт, свидетельствэр зэрагъэм щхьэкlэ къэмынэу», - жеIэ риэлтор Iуэхущlапlэм и унафэщI Бернадский Алексей.

ЗАРЕМБЭ Игорь.
РИА хъыбарыщIэхэр

Нэхъ пасэ дыдэу дунейм къытехьахэр

● Тхыдэ жыжьэ



Индием и геофизикхэмрэ археологхэмрэ къатIэщIахэр щыхьэт тохъуэ Инд цивилизацэр дунейм щынэхъ пасэрей дыдэу. Къэхутэныгъэхэр къытрадзащ «Scientific Reports» журналым.

ЩIЭНЫГЪЭЛIХЭМ я иужьрей лэжьыгъэхэм къызэрыхэщымкlэ, Инд цивилизацэр къыщыунэхуар нэхъапэм къызэралъытэу щыта илъэс мини 5,5 ипэкlэкъым, атlэ илъэс мини 2,5-кIэ нэхъ пасэжщ. Абы щыхьэт техъуэ Iуэхугъуэхэр пхагъэкIыфмэ, ар нэхъыжь хъунущ зыужьныныгъэ лъагэ зиIа Месопотамиемрэ Пасэрей Мысырымрэ (Египет).

Инд цивилизацэм и ныбжьыр хъахутэнэущ Индием и Фатехабад щIыпIэм къыщагъэтауэ щыта хьэкъущыкъуэмрэ псэущхьэ къупщхьэмрэ иджы щыIэ радиоуглерод, оптикэ Iэмалхэмкlэ еплъынурэ. Къищынэмыщlауэ, щIэныгъэлIхэм яуэзфIэкlащ щынхабзэ зыужьныныгъэр дунейм и щытыкlам ирапхыну. АбыкIэ къахутащ климатыр зэрызэIыхьам цивилизацэм и зыужьныныгъэр кIигъэувыIауэ. Къапщтэмэ, Инд цивилизацэр нэхъыбэу зэрыпсеэууэ щыта гуэдзымрэ хьэмрэ, уэгъу хьуа иужькlэ, хумрэ прунжькlмкlэ яхъуэжащ. Абы кьишащ къалэхэм иIэпхъуэкIыуэрэ цIыхухэр нэхъыбэу къуэжэм Iэпхъуэныр икIи щэнхабзэ зыужьныныгъэр къызэтеувыIэныр.

Инд (Хьэрапп) цивилизацэр Инд псым и ауэым щыIащ. Абы и къалэхэм дэтащ псы зэрыкIуэ бжьамийхэр, жылагъуэ псыунэхэр, хуэажэхэм щыIащ псыщIэгъэлъадэхэр. Дравидий бзэхэр зезыхьэхэр а щIыпIэм щыпсэуауэ хуагъэфащэ.

Ди эрэм и пэкlэ XVII лIэщlыгъуэм ирихьэлIэу Инд цивилизацэм хэкIуэджьын щIидзащ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ хуагъэфащэ нобэрей иранхэмрэ (къэжэрхэмрэ) индхэмрэ къызытехьэкIыжахэр къазэрытеуар.

Lenta.ru

● Щlыхуэ

Щlритыжын щхьэусыгъуэ хилъагъуэркъым

2013 гъэм Янукович Виктор и тетыгъуэм ирихьэлIэу Киев щIыхуэу къищта доллар меларди 3-р Урысейм щIритыжьын щхьэусыгъуэ щыIэкъым. Апхуэдэу жиIащ Украинэм финансхэмкlэ и министр Данилюк Александр.

«АР залымыгъэкlэ къыдагъэщта политикэ щIыхуэу араш... А ахъшэр еттыжынукъым - араш дэ дыззтемыкIынур», - къыщыхэщащ украин телеканалхэм ящыщ зым абы дриГъэкIуэкlа зэпсэльэныгъэм.

Евросоюзым ирищIыпIэну зэгурыIуэныгъэм ятеухуауэ ирагъэкIуэкI зыгъэхьэзырыныгъэхэр 2013 гъэм и дыгъэгъаэзм Янукович къызэтриГъэувыIащ. Абы къыпэкIуэу Президент Путин Владимир жиIащ Урысейм и Правительствэм Украинэм и облигацэхэм доллар мелард 15 хилъхьэну зэрыхьэзырыр. Киев доллар меларди 3 и уасэ евроблигацэхэр къыдигъэкIри, ахэр Пlэпкъ зэпIэзэрытыныгъэмкlэ фондым къищэхужащ. Куэд дэмыкIыу гъунэгъу къэралым и унафэщlхэр яхъуэжащ.

Украинэм и правительствэщlэм а щIыхуэм коммерц унэтlныгъэ иIэу къальытэну гупсысащ. Урысейр абы зэреплъэр къэралым и щIыхуэт икIи хуэбгъэгъу мыхъунут. Илъэс блэкlам и кIэуэм Дунейпсо валютэ фондым щIыхуэм екъэлIауэ Урысейм иIэ еплъыкlэр диIыгъащ, арщхьэкlэ Украинэм абы и тыжьныр пlалъэ кIыхькlэ къызэтриГъэувыIащ. Иджы къащIадамытыжыхэну жаIэ.

«Интерфакс» хъыбарегъащlэ агентствэ.

● Щlэ

«Джеральд Форд» иджыри хьэзыркъым

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм аргуэру ягъэIэпхъуауэ дуней псом щынэхъ лъапlэ дыдэ я къхъулъатэзэхъэр псым трагъэхьэныр.

ЩIХЬЭУСЫГЪУЭР къызэрыгуэкIщ: кхъухь домбейр, нэхъапэми хуэдэу, зауэм хуэхьэзырхьым. Пентагоным и отчётым къыщыхьащ кхъухьлъатэзехьэм и борт системэкlэ зауэ лъэхъэнэм кьагъэсэбэпыным зэрыхуэмыхьэзырым теухуа тхылъэ. Къыщынэмыщlауэ, зэрытелъэтыкI-къызэрытIысыжыр къызэгъэпэща зэрыхъуам арэзы къыщIащым, ещанэ ехъулIам зэрызихъуэмэж Iэщlэр хуагъэува мардэм тету лажьэркъым.

«Джеральд Форд» кхъухьлъатэзехьэр доллар мелард 13 и уасэщ икIи дуней псом щынэхъ лъапlэ дыдэщ. Ар 2009 гъэм яухуэн щlадзэщ. Зэрыхуагъэфэщащкlэ, 2014 гъэм ирихьэлIэу ар псым трагъэхьэн хуеищ, арщхьэкlэ а Iуэхур яГъэIэхъуэрэ къокIуэкI. Иужьрейуэ къагъэльэгъуа пlалъэм тепщlыхьмэ, кхъухьлъатэзехьэр хьэзыр щыхъунур 2017 гъэм и пэщlэдзэхэрщ.

«Труд».

США-р цIыхубз унафэм щIэувэну?

● Хэхыныгъэхэр

Америкэм и Штат Зэгуэтхэр къызэрыунэхурэ блэкIа илъэс щитIым щIигъум кърифыбдзу зэи къэхъуакъым абы и президент къулыкъур цIыхубзым щыIэрыхьа. Иджы ар къэхъуфынущ - США-м и демократ партым и лIыкIуэхэм Филадельфие къалэм щрагъэкIуэкIа зэIущlэм Iэщlэтащ Клинтон Хиллари и лъэныкъуэу президент хэхыныгъэхэм зэрыхэтынумкlэ.

ЗЭРЫХАБЗЭУ, дэтхэнэ штатми я лIыкIуэхэр утыку кьихьэурэ жаIащ Клинтон Хилларирэ абы и ныкъуэкъуэгъу Сандерс Бернирэ дапхуэдиз Iэ хуаIэтами. Арщхьэкlэ, ар фэрыщlыгъэт - нэрылъагъут Госсекретару щытам и телъхьэхэр куэдкlэ зэрынэхъыбэр. ИкIэм-икIэжьым псори зэхалъхьэжри, къыщIидзащ: Клинтон папщlэ 2838-м Iэ яIэтащ, Сандерс и лъэныкъуэхэр зэрыхьуар 1843-рэщ. Хьэлэмэтыр а бжьгъэр хэIуцlыIу зыщlынурат. А пщlэр хуагъэфэщащ... Сандерс Берни. «Демократ партым къыбГъэдэкIыу Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я президент къулыкъум щIэбэныну сэ къызогъэлъагъуэ Клинтон Хиллари», - жиIащ абы Iэгуагъэ иным щIэту.

Апхуэдэ Iуэху бГъэдыхьэкlэм иджыри къэс зэпэщlэта демократхэр зэрегъэкIуж икIи псори зэкъуэту президент хэхыныгъэхэм хуеГъакIуэ. Абы щыгуэми ахэр зэкъуэуда хъунум зымащlэ дыдэщ иIэжар. Тхьэмахуэ кIуам и кlэм WikiLeaks сайтым къралъхьащ. Демократ партым и лъэпкъ комитетым и Iэтащхьэхэр электорон Iэмалхэр къагъэсэбэпу зэрыщэхуэтхар. Ахэр жыджэру тепсэлъыхьырт Сандерс зэран хуэхъуурэ Клинтон и Iуэхуэр зэрыдгъэкIынум.

Хьыбарыр зыIэщlэкlар къальыхъуэу хуежьащ. ИкIи Клинтон и штабым «къиуIэпхъэщащ» а псори урысей хакерхэм я зэрану. Ягу къэкIыжащ республикэ партым и цIэкlэ къапэщlэтыну Трамп Дональд ди къаралым и унафэщlхэмрэ хъэрычэтыщlэхэмрэ фIыуэ къызэрыкуэщытыр. А Iуэхугъуэм нобэми Вашингтони щытопсэльхьы икIи ФБР-м зэхигъэкIыну и пщэ иралъхьащ.

WikiLeaks сайтым къралъхьа тхыгъэхэм щIыхуэ минхэр яГъэгубжащ. Демократ партым и съездыр щызэхэтыну махуэм Филадельфием и уэрамхэм щIыхуэ минхэр къыдыкащ. Абыхэм къальытащ къагъэпIащ икIи Клинтон Хиллари президент хъуну хуэмыфащэу. Арщхьэкlэ полицэри ёзы Сандерси къыхъыхьри, Iуэхур яГъэсабырыжащ.

Зэпущlэм кърихьэлIащ США-м и президент Обамэ Баракрэ вице-президент Байден Джозефрэ. Абыхэми цIыхубэр къыхураджащ Клинтон Хиллари и телъхьэу Iэ яIэтыну.

Илъэсий и пэкlэ, зэи къэмыхъуэу, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я президент хъуащ афроамерикан Обамэ Барак. Иджы США-р цIыхубз унафэм щIэувэну пIэрэ? Ар къыщыщlэнур мазищрэ ныкъуэрэ дэкlмэщ.

БОЧИНИН Анатолий.
«Коммерсантъ»

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ.

● Телъыджэ

Конюхов Фёдор щIы Хъурейр къилъэтыхьащ

СССР-м Спорт туризмэмкlэ щIыхь зиIэ и мастер, СССР-м и Сурэтыщlэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Урысейм и Тхакlуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм хэт, щIы Хъурейм и Iуащхьэ нэхъ иниблым япэ дэкIа урысей цIыху, Ипщэ, Ищхьэрэ полюсхэм щыIа Конюхов Фёдор щIым къэтIысыжащ дуней псом и хъурейгъыр къызэхилъэтыхьа ныжь.

КОНЮХОВ Фёдор аэростатымкlэ дунейпсо рекорд игъэуващ. Зэи къэмытIысу щIы Хъурейр абы къилъэтыхьащ махуэ 11-рэ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 11-кIэ. Нэхъапэ Iуэкlэ американ Фоссет Стив игъэуваУэ щыта рекордым ар ефIэкIащ сыхьэт 51-рэ дакъикъ 22-кIэ.

КъыкIэлъыкIуэ екъулIэныгъэу щытар абы къызэпичащ гъэугуанэм и кIыхьагъыщ. Ар километр 34 977, 36-рэ мэхъу. Фоссетым и рекордыр зэрыхъур километр 33 195,1-рэт.

Ещанэу, ауэ рекордхэм я тхылъым ирамытхэу, Фёдор зыIэригъэхьа екъулIэныгъэхэм ящыщщ зэ щIэдзэгъуэкlэ щIы Хъурейр абы къызэрилъэтыхьар. Фоссет Стив хэнейрэ а Iуэхум пэрыхьащ.

АэроставтkIэ зытелъэтыкIа щIыпIэ дыдэм къащыщIыпсыжа я́пэ щIыхуэ Конюхов Фёдор. Ар зыпIэлъыхьакlуэм и екъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къыщIэкIынущ.

Хьэжыщ1ыр къоблагъэ

Алыхьым нэхъ лъап1э дыдэу ибжа мазиплым (рэджэб, зуль-хьиджэ, зуль-къахьдэ, мухьэр-рэм) ящыщщ зуль-хьиджэр. Ар Къытщхъэщытым фарз тщищ1а хьэжы щащ1 мазэраш.

● Уаз

КЪУР1ЭНЫМ къыщокІуэ: «Зыхъзэф1кІ ц1ыхум и фарзщ Алыхьым папщ1э хьэж ищ1ыну». Хьэдисми ущрохьэл1э Мухьэммэд бегъымбарым жи1ауэ: «Ислъамыр Іыхьитхуу зэхэлъщ: Алыхьым ф1эк1а Тхьэ зэрыщ1ымі1эр, Мухьэммэд Абы зэрил1ыкІуэм щ1ыхьэт техьуэныр, нэмэз щ1ыныр, рэмэдан мазэм нэщ1 Іыгъыныр, сэдэкъэр тыныр, хьэж щ1ыныр (хьэжыр зытехуэр зыхуэзэф1эк1эращ1)».

Зуль-хьиджэм и п1эр махуипщ1ыр псом хуэмыдзу л1ап1эу игъэуващ Дыкъэзыгъэщ1ам. А мазэм хеубыдэ мусл1ымэн псоми ди махуэшхуэ л1ап1эр - Къурмэныр. Ар Зуль-хьиджэм и епщ1анэ махуэм тохуэ. Къищынэмыщ1ауэ, абы хэтщ махуэ л1ап1э дыдэ - Арафат махуэр (ар а мазэм и ебгъуанэ махуэм тохуэ). Зуль-хьиджэ мазэм и я1пэ махуибгъур къэбнэщ1ынкІэ псапэшхуэщ. Мухьэммэд бегъымбарым жи1ауэ хьэдисым къыщ1ыІуащ: «Ц1ыхум илэжь Іуэхугъуэфі псоми я нэхъыф1у Тхьэм ибжыр зуль-хьиджэм и я1пэ махуипщ1ым хиубыдэ и Іуэхугъуэф1хэрщ1». А махуипщ1ым ящыщу къанэщ1а дэтхэнэ зы махуэри хуег1адэ илъэс псом нэщ1ам, а жэщипщ1ым ящыщу зым ц1ыхум илэжь Іуэхугъуэф1ыр хуегъадэ Къэдэр жэщым пылъ ф1ыгъуэм.

Зыльэк1ым и дежкІэ зуль-хьиджэ мазэ псом, Къурмэн махуэмрэ абы и ужь ит махуипщ1ымрэ къищынэмыщ1а, нэщ1 пІыгъынкІэ псапэщ, ауэ мазэ псом е я1пэ мазуипщ1ыр къэзымынэщ1ыфым Арэфат махуэ закъуэр къинэщ1Іи, абы къыпэкІуэну псапэр гъунапкъэнэщ1 - ар суннэтщ, псапэшхуэ зыпылъщ. А суннэтыр зыгъэщ1эфыр екъуЛ1ащ, зыльэмыкІынухэми къалэн ящищ1ыркъым. Мухьэммэд бегъымбарым жи1ауэ хьэдисым къыщ1ыкІуащ: «Арэфат махуэм нэщ1 зыІыгъым а гъэм ип1э ит ильъэсми ижь ильъэсми и гуэныхьыр Тхьэм къыхуегъэгъу».

Алыхьым щ1ыхэпщ1ыІ унэу я1пэ дыдэу дунейм тращ1ыхьар Каабэр (мэжджыт «Аль-Хьэрам») аращ. Ар Сауд Хьэрыпым и Мэккэ къалэм дащ1ыхьащ. Зыщ1ар Ибрэхьим л1ыкІуэмрэ абы и къуэ Исмэхьилрэщ.

Зуль-хьиджэ мазэм мы гъэм фокІадэм и 3-м щ1едзэ.

Тхьэм ф1ыуэ хилъагъуК1а

Дунейм и тепщэм Ибрэхьим бегъымбарыр «Алыхьым ф1ыуэ хилъагъуКІа» ф1ищащ1ауэ КъурІэн Лъап1эм къыщегъакІуэ. Пэж дыдэу, Къытщ1ыхьэщытым апхуэдэу л1ьагэу хиІэтыкІыф1ынур щытхъу нэс зыхуэфащэрат. И1ат, зэгъусэу ящ1эдгъащ1ат, сыт хуэдэ гъащ1э гъэзагуанэ ик1уа ц1ыхугъэшхуэ зыхэлъа Ибрэхьим, сыт хуэдэ гугъуэхьэм ар Іууа ик1и, зыми емылъытауэ, Тхьэм къыхуигъэфащэ Кьалэн иныр дауэ игъэзэщ1а.

Ибрэхьим къыщалъхуащ «Вавилон» щ1ыр и1эу тхыдэм хыхьа кьалэм. Бегъымбар хъунур иджыри сабийуэ, абы и унагъуэр Хьэрран І1эпхъуащ.

А щ1ыпІэм щ1ыпсэухэм зыхуагъэщ1хьырт вагъуэхэмрэ дунейкэмрэ (планетэхэмрэ). Абыхэм я гугъат гъащ1эр вагъуэхэм зэрагъакІуэу, ц1ыхухэм я насыпымрэ ехъуІэныгъэмрэ вагъуэбгхэм епхауэ. Арат къызыхэк1ар дунейхэмрэ вагъуэхэмрэ я щ1ыхьк1э дауэдапщэ зэмылІэужьыгъуэхэр иращ1эк1уэк1ынкІэ ик1и абыхэм тлъхьэ хуащ1ынкІи. Къищынэмыщ1ауэ, хьэррандэсхэм зыхуагъэщ1хьырт мывэм къыхэщ1ыкІахэм, еэлухэм я І эк1э ящ1ауэ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Ибрэхьим и адэр, ц1ыхухэр «Азар»-кІэ зэддэр, адрейхэми хуэдэу, тхьэ куэдым захуэзыгъэщ1хьыр. Ар тхьэпэлъытхэм яхуэпщ1ыІт ик1и ц1ыху щхьэрыуат.

Ибрэхьим щ1ап1ыкІырт а щыуэныгъэм ик1и егупсысырт зэхэщ1ыкІынш1уэ ц1ыхухэр зэрыпсэум. Сыт мывэм зыщ1ыхуэбгъэщ1хьынур, абы жэуап къуимытыфынумэ? Вагъуэхэм, дыгъэм, мазэм сыт тхьэ щ1ахуэпщ1ын хуэйр, ч3зууэ зыр адрейм ихъуэжу уафэм щитк1э ик1и зыри щабгъэдэмыльк1э? Ар к1эпъыпп1ырт ц1ыхухэр я ф1эщхъуныгъэм зэрытетым ик1и ялэжьхэм я мыхьэнэм зэремыгупсысым. Мывэм сын къыхэщ1ыкІыу дауэ абы зэрызыхуэбгъэщ1хьынур? Дауэ къызэрихъуфынур ц1ыхум езым и Іэмк1э тхьэр къигъэщ1ра ар езым нэхъра нэхъ зэф1эк1ышхуэ зи1эу игъэІуныр? Ар Ибрэхьим и акъылым къитІасэр-тэкъым. Ц1ыхухэм тхьэ гуэрхэм зыщ1ыхуагъэщ1хьым и щхьэусыгъуэмк1э щы-щ1эупщ1эк1э абы жэуапу ф1ратырт я адэжьхэм апхуэдэу я щ1эу зэралъэгъуар. Адэжьхэм абыхэм я адэжьхэм я щынэныгъэр ф1ая1эрыхьам-щэ? Я адэжьхуэхэр, абыхэм я адэжьхэр къамылъху щ1ык1э ф1эщхъуныгъэ п1эпщ1ыр къежьамэ-щэ? Къызэрыщ1эк1ымк1э, пщ1ыр пасэ дыдэу ц1ыхухэм къахыхьэу абыхэм я деж зыщигъэбыдаэу щ1ытыфынущ, зыри къызэрымык1 а хабзэр къыщежьар зыщ1эж щ1ымы1эу. Жэуапхэр имыгъуэтми, Ибрэхьим ерыщу пэжыр къилъыхъуэрт ик1и пэжыр зи лъабжьэ щ1эныгъэр Алыхьым мыгувэу къыхуигъэк1уащ, И Гущ1эгъум хуэк1уэ гъуэгу захуэр иригъэлъагъуу.

Пэжым къыхуриджэу къалэм и ц1ыхухэм захуигъэзэну Алыхьым Ибрэхьим упачъ къыщ1ыхуащ1ым, щ1ал эщ1эм мурад ищ1ащ я зэхэщ1ык1ыр и тегъэщ1ап1эу абыхэм епсэлъэну.

- Мис си Тхьэр! - жи1ащ Ибрэхьим, мажуситхэм я ф1эщхъуныгъэм арэзы тетхъуэ хуэдэу уафэм щы1э дунеймк1э и І эр ищ1ри, ахэр зэрыщыуэр занщ1эу яригъэлъагъужьи папщ1э. Дунейр къухьэжа иужьк1э абы къыпищащ: «Сэ сф1эфік1ым къухьэжхэр!» - ц1ыхухэм жэщым къащхьэщ1ыту, махуэм І эщ1ыб къищ1ра къыщхьэщ1ыжьи ямы1эу Тхьэр зэрыщ1ымытыфынур къригъэк1ыу.

- Мис си Тхьэр! - жи1ащ абы, мазэр къилъэгъуа иужьк1э. Жэщ нэхугъэр къ3зэхьыр б3эха иужьк1э, Ибрэхьим къыпищащ: «Си Зиусхьэным гъуэгу захуэм сытримыгъэувэмэ, сэ щы1э ц1ыхухэм ящыщ зы сыхъунущ!» - уафэм щал1эгъуар Тхьэуэ зэрыщ1ымытыфынур, ауэ Дыкъэзыгъэщ1ар зэрыщыщ1эр къригъэк1ыу.

Уафэм дыгъэр ящ1эзэрыщит1ыСхьэу, Ибрэхьим псоми зэхэхьу ину жи1ащ: «Мис си Тхьэр, ар инагък1э адрейхэм йофІэк1». Арщхьэк1э дыгъэр къуьэжа иужьк1э, абы къыпищащ: «Уа ц1ыхухэ, дыкъэзыгъэнэхухэр сэ тхьэуэ къэсл1ыт3ркъым ик1и ахэр Алыхьым гъусэ хуэсщ1ын здэркъым».

Дауи, пэжыщ1э Ибрэхьим зэи и ф1эщ ч3ырт3къым дыгъэр, мазэр е вагъуэхэр тхьэуэ щытыфыну, ауэ и л1эпкъым и нэр къигъэпл1ъэжьи папщ1э Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр къигъэсэбэпырт.

Пэжыщ1э Ибрэхьим жи1эхэм ц1ыхухэр едаІэрт, ауэ абыхэм я щ1эныгъэнщагъэм дапхуэдизу ебэнми, и псалъэхэм ахэр хуэдэгут.

Алыхьым иришэл1эну Ибрэхьим и адэм щ1ыхуэк1уам абы и псалъэмакъыр щабэу къыщ1идзащ, бынер къ3зыл1ъуахэм зэрепсалъэм хуэдэу.

- Уа, си адэ! Сыт уэ зыщ1ыхуэбгъэщхъыр узэхэзымых, узымыл1ъагъу ик1и зы к1ыбдэмы1эпкъуфынум? - жи1ащ Ибрэхьим. - Ип3жьк1э, сэ къысІэрыхьащ щ1эныгъэ, уэ уимы1эу, абы къыхэк1ыу си яужь къ1иви гъэзгу захуэм узэрыхуэк1уэнур узэгъэльагъунщ!

Арщхьэк1э, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Ибрэхьим и адэр и ф1эщмыхъуныгъэмк1э ерыщымы кІыпищэрт.

- Уа, си адэ! Шейт1аным ухуэмыпщы1ІІ, Шейт1аныр Гущ1эгъулы Алыхьым едэІуакъым! Уа, си адэ! Ип3жьп1эк1э сэ сошынэ, Алыхьым и губжьыр къыпт3хуэну, ит1анэ уэ Шейт1аным и гъусэу МафІэм ухэхуэнущ! - и адэр къытригъэхьэну хущ1эхьурт Ибрэхьим.

Арщхьэк1э Ибрэхьим и адэр къыжрал3хэм хуэдэгут. И къуэм жи1эхэр иужэгъури, ар абы къыщ1ихуащ ик1и нэхъап3м и ф1эщ щытахэм къытекІакъым.

Абдежми Ибрэхьим зы-шы1эныгъэ къигъэлъагъуэри, жэуап итащ: «Мамырыгъэ Тхьэм къуит! Си Тепщэм селъэІунущ уэ къыпхуигъэгъуну, сэ стеухуауэ Ар гущ1эгъулыщи. Арщхьэк1э сэ фэри, Алыхьым ящыщынэмыщ1ауэ, фы-зыхуэпщ1ылІэхэми сыфхэкІынурэ, си Зиусхьэным лъэІук1э зыхуэзгъ3ззэнущ, - хэт ищ1эн, Абы къищтэнк1э хъунщ си лъэІур».

Апхуэдэ псалъэхэр жи1эри, и адэм и унэр Ибрэхьим ибгынащ.

Адэр къыщ1ыхутемыгъэхьам и щхьэусыгъуэ хъуащ, пэжыр къигъанэу, абы, къалэм щ1ыпсэу адрейхэми хуэдэу, иджыри къэс псори зыхуэпщ1ылІэхэм зауэхуигъэщхьыну мурад зэрищ1ар. А псом ищ1ы1ужьк1э, Азар щ1ылажьэрт езы пащтыхь дыдэ Немруд и деж ик1и абы тхьэпэлъытэхэр хуигъэхьэзырт. Гурыуэгъуэт, сынхэм захуэгъэщхьыным къыпик1амэ, абы ф1эк1уэдынут игъэхьэзыра тхьэпэлъытэхэр зэрищэм къыпэкІуэ ахъшэр. Къищынэмыщ1ауэ, ц1ыхухэр къыщыдыхьэшхынк1э ар шынэрт. Ауэ сыту делагъэт мыухьж Жэнэтыр абы дуней гъащ1э к1эщ1ымк1э зэрихъэжар. Арщхьэк1э, дызэрыщыгъуаэзщи, ц1ыхум езым къыхехьэж ф1эщхъуныгъэ хэтынрэ ф1эщхъуныгъэншэу къэзнэнрэ. Ибрэхьим и адэм зыхуейр къихащ.

Я уафэ, щ1ы1эр тхьэ ц1ыкІуэм я щ1ыхьк1э зэхаубла мажусий махуэшхуэм ящ1ыщ зым пасэ лэдэсхэр зэгуэрым щызэхуэсащ. Дауэдапщэхэм хэтыпхъэт ц1ыху псори, арщхьэк1э Ибрэхьим хьилагъэм хуэк1уэри, сымаджэ нэпц1 зытригъэуащ ик1и адрейхэм я гъусэу ф1ыдэк1ын идакъым.

Къалэдэсхэм зыубгъуэуэ я махуэшхуэр ягъэльэпІащ, абы къыхэк1ыу Ибрэхьим и мурадхэр тыншу игъэзэщ1эфынт.

Ик1ыуреягъкІэ зыри щы-щымы1эжьым пэплъри, Алыхьым и л1ыкІуэм уадэ-шхуэ къищтащ ик1и сынхэр зэтрикъуэту хуежьащ. Мыхьэнэ зимы1э сынхэр зэтригъэщ1ахэрт, абы щыгъуэми щ1эныгъэншэ къалэдэсхэм ерыс-къыпхъэу къыхурахьэлІа щыхнэр зы1уагъэхуэну къахуигъэлъагъуэурэ. Тхьэ куэдым захуэгъэщ1хьыну кууэ хилъэфа ц1ыху акъылыншэхэм я щхьэм къихьэрт3къым тхьэ ящ1а ерыскъыр динзехьэхэмра абыхэм я л3жьакІуэхэмра зэрызэрапхъуэжьыр, апхуэдэ захуэзыгъэщ1хьыкъым къалъыл1ыр къызэрамыгъэсэбэпар...

Яук1ын ип3кІэ захуащ1э Ибрэхьим Къытщхьэщытым ф1ыщ1э хуищ1ри жи1ащ: «Дзрк1э Алыхьыр куэдщ - Ар Къыщхьэщ1ыжакІуэ тельыджэщ1».

Тхьэнэпц1эыхуэгъэщхъхэм ар мафІэм и гуащІа-п1эм хадзащ, арщхьэк1э абы исах3ым ик1и и зы зэрани къэкІакъым. Къызэрыщ1эк1ымк1э, Алыхьым мафІэм унафэ хуищ1ащ Ибрэхьим папщ1э жыг хадэ жьыщ1эху хъуну. Ибрэхьим и ф1эщхъуныгъэр тхьэ куэдым яхуэпщ1ылІхэм ятекІуащ, ахэр куэд зэрыхъум, зэрыл1ъэщым, тепщэныгъэр зэраІыгъым щхьэк1э къэмынэу. Алыхьыр Инщ, Ар псоми я тепщэщ...

И уЖьк1э Ибрэхьим Іущ1ащ зи пагагъым и нэр къыщхьэрипхъуауэ адэк1и Алыхьыр зи ф1эщ мыхъу езы Немруд пащтыхь дыдэм.

А пащтыхьым и акъылыншагъэм къишащ1ащ езым Тхьэуэ зиІыгъэжьныр. Пэжыщ1э Ибрэхьим курджэри абы жриІащ ар езыр зэры-Тепщэр, гъащ1эмрэ ажалымрэ игуэшу. И псалъэхэм я щ1ыхьэту абы унафэ ищ1ащ ц1ыхуит1 къыхуашэну: зыр яук1ыну, адрейм гущ1эгъу хуащ1ыну яжриІащ. Апхуэдэ делагъэ І эмалк1э абы къащигъэхъуну хэтащ гъащ1эр яриту ик1и къатрихьу. ИтІанэ Ибрэхьим Алыхьым и лъэщагъыр къ3зыгъэлъагъуэ иджыри зы щапхъэ къижьащ:

- Уэ Утепщэмэ, махуэ къэс къуэк1ыпІэмк1э къыщ1тэдж дыгъэм къухьэпІэмк1э къыщ1ыкъуэк1ыну пэубыд!

А Іэхугъуэм пащтыхьым тэмэму пигъэувыфын игъэтакъым. Ипэжьип1эк1э, дунейм щ1ыщІэ дэтхэнэ зы тепщэныгъэри Къытщхьэщытым ц1ыхум гуэрнэхупІэу къ3хуигъа-к1уэу аращ. Тепщэныгъэр зы1эщ1эль ц1ыхур гуапэмэ ик1и захуащ1эмэ, гъащ1э мыухьжым Алыхьым нэхъ л1ьагэжу щ1эпнурэ, Жэнэтк1э къ3хуэупсэнущ, Ауэ ар лейзехьэмэ ик1и бадджащ1эмэ, апхуэдэр тезырынш3у къигъэнэнукъым. Абы къ3хэхьІу, тепщэныгъэ зы1эщ1эль дэтхэнэ зы ц1ыхур и къулыкъум зэрыхущ1ын хуейр гъэунэхупІэущ.

Зззыдзэк1ар

ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

● Ф1ыгъэ1ыкІэ

Шыщхьэу1ум и нэмэз щ1ыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщ1эк1ыр	Шэджагъуэр	Ичынд ыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, блыщхьэ	03.25	04.55	12.22	16.22	19.28	21.08
2, гъубж	03.26	04.56	12.22	16.21	19.27	21.07
3, бэрэжьей	03.26	04.57	12.22	16.21	19.26	21.06
4, махуэку	03.28	04.58	12.22	16.20	19.24	21.04
5, мэрем	03.30	05.00	12.22	16.20	19.23	21.03
6, щэбэт	03.31	05.01	12.22	16.19	19.22	21.02
7, тхьэмахуэ	03.32	05.02	12.22	16.19	19.20	21.00
8, блыщхьэ	03.33	05.03	12.22	16.18	19.19	20.59
9, гъубж	03.34	05.04	12.21	16.18	19.17	20.57
10, бэрэжьей	03.35	05.05	12.21	16.17	19.16	20.56
11, махуэку	03.36	05.06	12.21	16.16	19.15	20.55
12, мэрем	03.37	05.07	12.21	16.16	19.13	20.53
13, щэбэт	03.38	05.08	12.21	16.15	19.12	20.52
14, тхьэмахуэ	03.39	05.09	12.21	16.14	19.10	20.50
15, блыщхьэ	03.40	05.10	12.21	16.14	19.09	20.49
16, гъубж	03.42	05.12	12.20	16.13	19.07	20.47
17, бэрэжьей	03.43	05.13	12.20	16.12	19.06	20.46
18, махуэку	03.44	05.14	12.20	16.11	19.04	20.44
19, мэрем	03.45	05.15	12.20	16.11	19.02	20.42
20, щэбэт	03.46	05.16	12.19	16.10	19.01	20.41
21, тхьэмахуэ	03.47	05.17	12.19	16.09	18.59	20.39
22, блыщхьэ	03.48	05.18	12.19	16.08	18.58	20.38
23, гъубж	03.49	05.19	12.19	16.07	18.56	20.36
24, бэрэжьей	03.50	05.20	12.18	16.06	18.54	20.34
25, махуэку	03.52	05.22	12.18	16.06	18.53	20.33
26, мэрем	03.53	05.23	12.18	16.05	18.51	20.31
27, щэбэт	03.54	05.24	12.18	16.04	18.49	20.29
28, тхьэмахуэ	03.55	05.25	12.17	16.03	18.48	20.28
29, блыщхьэ	03.56	05.26	12.17	16.02	18.46	20.26
30, гъубж	03.57	05.27	12.17	16.01	18.44	20.24
31, бэрэжьей	03.58	05.28	12.16	16.00	18.43	20.23

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусл1ымэнэм я Іуэхущ1ап1эм къыдитащ.

● Пщ1эну щхьэпэщ

Дыкъэзыгъэщ1ам и ц1э лъап1эхэм ящыщ «Рэ1ууф»

Хьэдисым къыщ1ыкІуащ: «Мухьэммэд бегъымбарым жи1ащ: «Алыхьым ц1ыхуэ 99-рэ и1эщ. Ахэр гукІэ ззэыгъащ1э дэтхэнэ зыри жэнэт Іыхьлы зэрыхъунум» шэч хэлъкъым.

Алыхьым и ц1эу 99-м ящыщу нобэ зи гугъу тщ1ынур «Рэ1ууф» ц1э лъап1эрщ. Абы «гумащ1э», «гущ1эгъущ1» к1ыкІуу аращ. Къытщхьэщытым к1ыгъэщ1а дэтхэнэ зы ц1ыхури ф1эгуэныхь мэхъу, гущ1эгъу хуещ1.

Зи анэм и бгъэм зыщ1эзыдзауэ быдзышэ ефэ сабийр щил1агъум Мухьэммэд бегъымбарыр и асхьабхэм еупщ1ащ: «Дауэ къыфщ1ыхьурэ, а ц1ыкІур и анэм мафІэм хидзэфыну?» «Дауи, ар и анэм зэи мафІэм хидзэфынкъым», - жэуап ятащ асхьабхэм. «АтІэ а анэм и сабийр ф1эгуэныхь зэрыхъум нэхърэ куэдкІэ нэхъ ф1эгуэныхь дохьу дэ Дыкъэзыгъэщ1ам, а анэм быным хуиІэ гущ1эгъум нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэ гущ1эгъу къытхуещ1 Тхьэшхэм», - жи1ащ Лы1ыуэ Лъап1эм.

Алыхьым и псалъэу КъурІэным къыщ1ыкІуащ: «Сэ си гущ1эгъур си нэлатым нэхърэ нэхъыбэщ». Бегъымбарми жи1ауэ хьэдисым къыщ1ыкІуащ: «Тхьэм и пщ1ы1эхэм зы гуэныхь ялэжьмэ, Тхьэм зы гуэныхь етх, абыхэм зы псапэ ящ1эмэ, Алыхьым псапэу 70 етх». Мис апхуэдиз гущ1эгъу къытхуещ1 ди Щхьэщыгум итым, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ псори абы дегупсысыркъым.

КъурІэным къыщ1ыкІуащ Іэят куэд, Тхьэм къытхуищ1 гущ1эгъур зэрыгъунапкъэнщэр къигъэльагъуэу. Псалъэм и хъэтыркІэ, «Тхьэр к1ыф1ыгъэм ф1ыкъыхэзыщу нэхугъэр къыф1хуэзыгъэльагъуэ Гущ1эгъущ1ырщ», «Фэ фльагъуркъэ, Сэ щ1ым къыщ1эзгъэщ1ауэ хъуар фи Іэмыщ1эм зэрислъхьар, уафэхэр незмыгъэхуэхыу зэрысІыгъыр. Шэч хэлъкъым Алыхьым игу ц1ыхухэм зэращ1эгъуэм».

Мухьэммэд бегъымбарым жи1ауэ хьэдисым къыщ1ыкІуащ: «Мусл1ымэн щ1ыпкъэр - зи бэзкІи зи Іэкі адрей мусл1ымэным лей езымыххэрщ».

Абу Хьурейрэ къиІуэтэжащ: «Зэгуэрым зылІ Абу Бакр Іейуэ къыщ1экІиерт. Мыдрейми, абы зыри пимыдзыжу зыкъомрэ едэІуащ. Л1ыкІуэ л1ап1эри абдежым щысти, абыи зыри жи1эртэхъым, пыгуф1ыкІ мыхъумэ. Иужьым Абу Бакр хуэмышэчыжу л1ым жэуап иритыжу зэрыщ1идзэу, Бегъымбарыр къэтэджри, Іук1ащ.

- Уа, Л1ыкІуэ л1ап1э, л1ыр къыщыстекІиеи, ущысащ, сэ жэуап естын зэрыщ1эдзэу, укъэтэджауэ уІуокІ. Сыт апхуэдэу щ1эпщ1ар? - щ1эупщ1ащ Абу Бакр.

- Уа, Абу Бакр, уэ шы-Іэныгъэ пхэлъу ущыщысам, мелы1ычыр къыпщхьэщытащ, абы уэ уи п1эк1э жэуап итыжырт. Ауэ уэ л1ым жэуап щ1ептыжым, мелы1ычыр Іук1ри, шейт1анар къуваш. Сэ шейт1ан зд3щысым сыщы1экъым», - жэуап итащ Мухьэммэд бегъымбарым.

Тхьэр арэзы зыхуэхъун Хьэлиш къиІуэтэжащ: «Мухьэммэд бегъымбарым и щхьэ щхьэк1э зэи ил1ь ищ1эжакъым, ауэ Алыхьым игъэхьэрэма гуэр щащ1эм деж, Тхьэм папщ1э жэуап итырт».

● Хьэдисхэр

Уи жагъуэ къ3зыщ1ым хуэгъэгъу

Мусл1ымэн щ1ыпкъэр - зи бэзкІи зи Іэк1и адрей мусл1ымэным лей езымыххэрщ».

Абу Хьурейрэ къиІуэтэжащ: «Зэгуэрым зылІ Абу Бакр Іейуэ къыщ1экІиерт. Мыдрейми, абы зыри пимыдзыжу зыкъомрэ едэІуащ. Л1ыкІуэ л1ап1эри абдежым щысти, абыи зыри жи1эртэхъым, пыгуф1ыкІ мыхъумэ. Иужьым Абу Бакр хуэмышэчыжу л1ым жэуап иритыжу зэрыщ1идзэу, Бегъымбарыр къэтэджри, Іук1ащ.

- Уа, Л1ыкІуэ л1ап1э, л1ыр къыщыстекІиеи, ущысащ, сэ жэуап естын зэрыщ1эдзэу, укъэтэджауэ уІуокІ. Сыт апхуэдэу щ1эпщ1ар? - щ1эупщ1ащ Абу Бакр.

- Уа, Абу Бакр, уэ шы-Іэныгъэ пхэлъу ущыщысам, мелы1ычыр къыпщхьэщытащ, абы уэ уи п1эк1э жэуап итыжырт. Ауэ уэ л1ым жэуап щ1ептыжым, мелы1ычыр Іук1ри, шейт1анар къуваш. Сэ шейт1ан зд3щысым сыщы1экъым», - жэуап итащ Мухьэммэд бегъымбарым.

Тхьэр арэзы зыхуэхъун Хьэлиш къиІуэтэжащ: «Мухьэммэд бегъымбарым и щхьэ щхьэк1э зэи ил1ь ищ1эжакъым, ауэ Алыхьым игъэхьэрэма гуэр щащ1эм деж, Тхьэм папщ1э жэуап итырт».

● Мэжджыт ц1эрыІуэхэр

Илъэсипщ1к1э зыпэплъа

Дагъыстэным хыхь3 Каспийск къалэм дащ1ыхьа мэжджытышхуэр Урысей Федерацэм щынэхъ дахэ дыдэхэм хабжэ. Абы и уху3ным илъэсипщ1кІэ елэжьащ архитектор нэхъ л1ьэщу яБжэр, Сирием щыщэри яхэту.

Тхьэм и унэр къатищу зэтетщ. Абы хэтщ видеокамерэ лъэщхэр, диным ехьэлІа Іуэхугъуэхэр щызэфІагъэкІ пэшышхуэхэр, къищынэмыщ1ауэ, мэжджытым и лъэгур щ1ымакуэм къохуабэ, гъэмахуэм жьыхуэхэр мэлажь3.

Абы зэуэ ц1ыху мини 8-ёкІуэ. Мэжджытым и щІыбыр жэщым зэмыфэгъуу зэщІоблэри, ихъуреягъыр егъэнэху.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.

Алыхьым и л1ыкІуэхэм ятеухуа хъыбархэр

Ибрэхьим бегъымбар

Булгари Хъайдар

щымы1эу. Жэуапхэр имыгъуэтми, Ибрэхьим ерыщу пэжыр къилъыхъуэрт ик1и пэжыр зи лъабжьэ щ1эныгъэр Алыхьым мыгувэу къыхуигъэк1уащ, И Гущ1эгъум хуэк1уэ гъуэгу захуэр иригъэлъагъуу.

Пэжым къыхуриджэу къалэм и ц1ыхухэм захуигъэзэну Алыхьым Ибрэхьим упачъ къыщ1ыхуащ1ым, щ1ал эщ1эм мурад ищ1ащ я зэхэщ1ык1ыр и тегъэщ1ап1эу абыхэм епсэлъэну.

- Мис си Тхьэр! - жи1ащ Ибрэхьим, мажуситхэм я ф1эщхъуныгъэм арэзы тетхъуэ хуэдэу уафэм щы1э дунеймк1э и І эр ищ1ри, ахэр зэрыщыуэр занщ1эу яригъэлъагъужьи папщ1э. Дунейр къухьэжа иужьк1э абы къыпищащ: «Сэ сф1эфік1ым къухьэжхэр!» - ц1ыхухэм жэщым къащхьэщ1ыту, махуэм І эщ1ыб къищ1ра къыщхьэщ1ыжьи ямы1эу Тхьэр зэрыщ1ымытыфынур къригъэк1ыу.

- Мис си Тхьэр! - жи1ащ абы, мазэр къилъэгъуа иужьк1э. Жэщ нэхугъэр къ3зэхьыр б3эха иужьк1э, Ибрэхьим къыпищащ: «Си Зиусхьэным гъуэгу захуэм сытримыгъэувэмэ, сэ щы1э ц1ыхухэм ящыщ зы сыхъунущ!» - уафэм щал1эгъуар Тхьэуэ зэрыщ1ымытыфынур, ауэ Дыкъэзыгъэщ1ар зэрыщыщ1эр къригъэк1ыу.

Уафэм дыгъэр ящ1эзэрыщит1ыСхьэу, Ибрэхьим псоми зэхэхьу ину жи1ащ: «Мис си Тхьэр, ар инагък1э адрейхэм йофІэк1». Арщхьэк1э дыгъэр къуьэжа иужьк1э, абы къыпищащ: «Уа ц1ыхухэ, дыкъэзыгъэнэхухэр сэ тхьэуэ къэсл1ыт3ркъым ик1и ахэр Алыхьым гъусэ хуэсщ1ын здэркъым».

Дауи, пэжыщ1э Ибрэхьим зэи и ф1эщ ч3ырт3къым дыгъэр, мазэр е вагъуэхэр тхьэуэ щытыфыну, ауэ и л1эпкъым и нэр къигъэпл1ъэжьи папщ1э Іэмал зэмыл1ужьыгъуэхэр къигъэсэбэпырт.

Пэжыщ1э Ибрэхьим жи1эхэм ц1ыхухэр едаІэрт, ауэ абыхэм я щ1эныгъэнщагъэм дапхуэдизу ебэнми, и псалъэхэм ахэр хуэдэгут.

Алыхьым иришэл1эну Ибрэхьим и адэм щ1ыхуэк1уам абы и псалъэмакъыр щабэу къыщ1идзащ, бынер къ3зыл1ъуахэм зэрепсалъэм хуэдэу.

- Уа, си адэ! Сыт уэ зыщ1ыхуэбгъэщхъыр узэхэзымых, узымыл1ъагъу ик1и зыкІи къ1ыбдэмы1эпкъуфынум? - жи1ащ Ибрэхьим. - Ип3жьк1э, сэ къысІэрыхьащ щ1эныгъэ, уэ уимы1эу, абы къыхэк1ыу си яужь къ1иви гъэзгу захуэм узэрыхуэк1уэнур узэгъэльагъунщ!

Арщхьэк1э, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Ибрэхьим и адэр и ф1эщмыхъуныгъэмк1э ерыщымы кІыпищэрт.

- Уа, си адэ! Шейт1аным ухуэмыпщы1ІІ, Шейт1аныр Гущ1эгъулы Алыхьым едэІуакъым! Уа, си адэ! Ип3жьп1эк1э сэ сошынэ, Алыхьым и губжьыр къыпт3хуэну, ит1анэ уэ Шейт1аным и гъусэу МафІэм ухэхуэнущ! - и адэр къытригъэхьэну хущ1эхьурт Ибрэхьим.

Арщхьэк1э Ибрэхьим и адэр ф1эщмыхъуныгъэм арэзы тетхъуэ хуэдэу уафэм щы1э дунеймк1э и І эр ищ1ри, ахэр зэрыщыуэр занщ1эу яригъэлъагъужьи папщ1э. Дунейр къухьэжа иужьк1э абы къыпищащ: «Сэ сф1эфік1ым къухьэжхэр!» - ц1ыхухэм жэщым къащхьэщ1ыту, махуэм І эщ1ыб къищ1ра къыщхьэщ1ыжьи ямы1эу Тхьэр зэрыщ1ымытыфынур къригъэк1ыу.

- Мис си Тхьэр! - жи1ащ абы, мазэр къилъэгъуа иужьк1э. Жэщ нэхугъэр къ3зэхьыр б3эха иужьк1э, Ибрэхьим къыпищащ: «Си Зиусхьэным гъуэгу захуэм сытримыгъэувэмэ, сэ щы1э ц1ыхухэм ящыщ зы сыхъунущ!» - уафэм щал1эгъуар Тхьэуэ зэрыщ1ымытыфынур, ауэ Дыкъэзыгъэщ1ар зэрыщыщ1эр къригъэк1ыу.

Уафэм дыгъэр ящ1эзэрыщит1ыСхьэу, Ибрэхьим псоми зэхэхьу ину жи1ащ: «Мис си Тхьэр, ар инагък1э адрейхэм йофІэк1». Арщхьэк1э дыгъэр къуьэжа иужьк1э, абы къыпищащ: «Уа ц1ыхухэ, дыкъэзыгъэнэхухэр сэ тхьэуэ къэсл1ыт3ркъым ик1и ахэр Алыхьым гъусэ хуэсщ1ын здэркъым».

Дауи, пэжыщ1э Ибрэхьим зэи и ф1эщ ч3ырт3къым дыгъэр, мазэр е вагъуэхэр тхьэуэ щытыфыну, ауэ и л1эпкъым и нэр къигъэпл1ъэжьи папщ1э Іэмал зэмыл1ужьыгъуэхэр къигъэсэбэпырт.

Пэжыщ1э Ибрэхьим жи

● «Мэшыкъуэ-2016»

Куэдкlэ зыщыгугъ щlалэгъуалэр

КъБР-м и Профсоюзхэм я унэм щызэхуэсат Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу щlалэгъуалэм папщlэ къызэрагъэпэщ «Мэшыкъуэ-2016» зэшыкъуэгъуэм и 5-19-хэм кlуэнуэхэр. Зэлушlэм хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я lуэхуэмкlэ и министрым и къудэз Геккиев Сультlан, а министерствэм и лэжьакlуэхэу Балэ Олегрэ Водопьянов Александрэ, республикэм къалэн куэд щагъэзащlэ и щlалэгъуалэ центрым и унафэщl Азубч Аэзмэт, Псыхуабэ кlуэну гупым и унафэщl Кабуловэ Зитэ.

ГЕККИЕВ Сультlан жиlащ «Мэшыкъуэ-2016» зэхьыхэм кlуэну хуея ныбжьыщlэ 600-м щыгъум проект нэхъыфl зыгъэхьэзыра, нэхъ жыджэру къалъыта 250-р кьызэрыхахар, иджырей зэхуэсым егъэджэныгъэм нэхъ зырыщытрагъэщlэнур.

- КъБР-м и lэтащхьэм гулъытэ хэха хуещl щlыналъэм и зыужьныгъэмрэ, лъэпкъхэм яку далъ зэныбжьгъугъэр, зэгурыlуэныгъэр гъэбыдэным, дин зэхуэмыдэ зыlыгъхэм я зэхущытыкlэхэр егъэфlэкlуэным. Абы и лъэныкъуэкlэ дыдщугучъ утыку ихьэну щlалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ фи зэфlэкlхэр зэхъыбэлъэгъуэну, жэуаплныныгъэ фхэлъыну, иджырей lуэху зэlумыбзэхэм я хэкlыпlэу къэфlыытэр къэвгъэнэнlуэну. Зэхуэсыр къызэрагъэпэщахэм зэрауб зыхуаокlэ, шыщхьэуlум и 7-р Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэщ, - жиlащ Геккиевым.

Азубч Аэзмэт жиlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlэкlэ утыку ихьэну щlалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я зэхьэзыра проектхэм я нэхъыфlхэр къызэрыхахар, гъэ кlуам абы республикэм щыщу щыlахэр шахмат зэхьэзэхуэхэм, акъыл жан зэпеуэхэм къызэрыкъожаныкlар, иджыри екъуалlэныгъэхlэ зэращыгугъэр.

Зэlущlэм къыщыгъэсэлъахэм къызэрыхагъэщамкlэ, мы щlалэгъуалэ зэхьыхэм хэтхэм я бжыгъэм илъэс къэси хохъуэ, я проектхэр я мы ныбжьэнэкlи фlагъкlи йофlакlуэ, мыгъэрейхэм я нэхъыбэр хьэрычэт lуэхум, туризмэм, щэнхабзэм зегъэужьныным трауууащ.

«Мэшыкъуэ» 2016» зэхьыхьэм федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 85-р рэ хухахащ. Зи лэжьыгъэр нэхъыфlу къалъытэ щlыхуэ щхьэхуэм сом мин 300-м щыщlэдзауэ сом мин 500-м нэс, lуэхущlапlэ зиlэм сом мелуанитlрэ ныкъуэрэ иратынущ.

«Мэшыкъуэ» зэхуэсым щэнэрэ щытекlуэ Тэтэр Жантемыр, пашэ хуэ къа нэгъуэщlхэри мыгъэрей зэхуэсым кlуэнхэм епсэлъащ я lуэхур нэхъыфl зэрыхъунум теухуауэ.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Зы зэхъуэкlынытъэ закъуэ

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и чемпионатым и етlуанэ къекlуэкlыгъуэм щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щlидзащ. Абы и пэщlэдзэ джэгугъуэм зыпэмыплъа гуэрри къыщыхъуакъым икlи турнир таблицэм зы зэхъуэкlынытъэ закъуэ игъуэтауэ аращ - Хьэтlохъущыкъуейм рэ Арщыдан и «Бедик»-мрэ ебланэ, еянэ увыпlэхэмкlэ зэблэувыкlащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ бжьыпэр щызыкlыгъ «Автозапчасть»-мрэ иужь дыдэ увыпlэм щыт «Кэнжэмрэ» я зэхуаку зэныкъуэкъуныгъэшхуэ къызэрыдэмыхъуэнур гурыlуэгъуэт. Арщхьэкlэ, кэнжэдэсхэр я стадионым зэрыщыджэгум я къарур игъэбэгъуэну ущыгугъ хъунут. Ауэ, дэнэт?! Бахьсэндэсхэр хэгъэрейхэм зыкlи ящысхьакъым икlи бжьыгъэшхуэкlэ хагъащlэри, иужь дыдэ увыпlэм къыщаналэ. Езыхэм я пашэныгъэр ягъэбыдащ.

«Автозапчасть»-м куэдкlэ зыкъыкlэримыгъэхуну хуещlокlуэ «Союз-Сэр-макъыр». Абыи бжьыгъэшхуэкlэ хигъэщlащ Къэрэгъэш къикlа «Велес»-р.

Хьэтlохъущыкъуейм къуажэм щыlэу «Тэрчыр» зэрытемыкlуэфар къиГъэсэбэпри, ещанэ увыпlэм гъунэгъу зыхущlащ «Къэхъуным». Арщыдан икlа «Бедик»-м ар бжьыгъэшхуэкlэ текlуащ.

Нэгъабэ и фlэщыпэу чемпионыгъэм зыкъомрэ щlэбэна Бабугент и «ЛогоВАЗ»-р мы гъэм къыпхуэмыщlыхужынщ. Мис аргуэрри и стадионым щыджэгуу абы прохладнэдэсхэм топих я гъэм къыхъудагъэкlащ. Езыхэм зы жэуапи яхуетакъым.

Адэкlэ щыгугъуэз фыхэтщlыныщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гуп нэхъыщlхьэм щызэхэта зэлущlэхэм къарикlуа бжьгъэхэм: **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Автозапчасть»** (Бахьсэн) - **1:7**, **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **6:1**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«ГорИс-179-Кавказкабель»** (Прохладнэ) - **0:6**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **0:1**, **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **«Бедик»** (Арщыдан) - **3:0**, **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **3:3**, **«Спартак-Налшык-Д»** (Налшык) - **«Iэдиихуу»** (Iэдиихуу) - **2:1**, **«Бахьсэн»** (Бахьсэн) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **1:0**.

ХЬЭТАУ Ислъан.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гуп нэхъыщlхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщlекlуэкlыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. **«Автозапчасть»**	16	14	1	1	57-17	43
2. **«Союз-Сэрмакъ»**	16	12	2	2	56-26	38
3. **«Тэрч»**	16	11	2	3	45-23	35
4. «Къэхъун»	16	10	4	2	52-27	34
5. «Велес»	16	9	2	5	53-45	29
6. «Нарт»	16	9	2	5	44-33	29
7. «ХьэтIохъущыкъуей»	16	7	4	5	36-35	25
8. «Бедик»	16	8	0	8	3I-28	24
9. «Псыгуэнсу»	16	6	3	7	30-36	21
10. «ГорИс-179-Кавказкабель»	16	6	2	8	34-33	20
11. «Бахьсэн»	16	4	4	8	33-46	20
12. «Спартак Налшык-Д»	16	3	3	10	30-30	16
13. «ЛогоВАЗ»	16	3	2	11	36-59	12
14. «Iэдиихуу»	16	2	1	13	25-50	11
15. «Родник»	16	1	0	15	27-57	7
16. «Кэнжэ»					26-70	3

Шыщхьэуlум екlуэкlыну зэlущlэхэр

Урысей Федерацэм и япэ дивизион

Еханэ джэгугъуэ
Шыщхьэуlум и 6
(щэбэт)
«Енисей» (Красноярск) - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Динамо» (Мэзкъу) - «Волгарь» (Астрахань)
«Балтика» (Калининград) - «Зенит-2» (Санкт-Петербург)
«Кубань» (Краснодар) - «СКА-Хабаровск» (Хабаровск)
«Мордовия» (Саранск) - «Химки» (Химки)
«Факел» (Воронеж) - «Тамбов» (Тамбов)
«Сокол» (Саратов) - «Тосно» (Тосно)
«Шинник» (Ярославль) - «Спартак-2» (Мэзкъу)
«Тюмень» (Тюмень) - «Луч-Энергия» (Владивосток)
«Нефтехимик» (Нижнекамск) - «Сибирь» (Новосибирск)

Ебланэ джэгугъуэ
Шыщхьэуlум и 13
(щэбэт)
«Зенит-2» - «Нефтехимик»
«Волгарь» - «Балтика»
«Спартак-Налшык» - «Динамо»
«Луч-Энергия» - «Енисей»
«Спартак-2» - «Тюмень»
«Тамбов» - «Сокол»
«Тосно» - «Шинник»
«СКА-Хабаровск» «Факел»
«Химки» - «Кубань»
«Сибирь» - «Мордовия»

Еянэ джэгугъуэ
Шыщхьэуlум и 17
(бзаджэй)
«Енисей» - «Спартак-2»
«Динамо» - «Луч-Энергия»
«Балтика» - «Спартак-Налшык»
«Зенит-2» - «Волгарь»
«Кубань» - «Сибирь»
«Факел» - «Мордовия»
«Сокол» - «Сибирь»
«Шинник» - «Химки»
«Тюмень» - «СКА-Хабаровск»
«Нефтехимик» - «Кубань»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат
Епщыкlуиянэджэгугъуэ
Шыщхьэуlум и 6
(щэбэт)
«Союз-Сэрмакъ» (Налшык) - «Горис-179-Кавказкабель» (Прохладнэ) «Автозапчасть» (Бахьсэн) - «Тэрч» (Тэрч)
«Кэнжэ (Кэнжэ) - «Велес» (Къэрэгъэш)
«Родник» (Псынэдахэ) - «Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу)

Шыщхьэуlум и 7
(тхьэмахуэ)
«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Iэдиихуу» (Iэдиихуу)
«ХьэтIохъущыкъуей» (ХьэтIохъущыкъуей) - «Нарт» (Нарткъалэ)
«Спартак-Налшык-Д» (Налшык) - «Бедик» (Аргудан)
«Бахьсэн» (Бахьсэн) - «Къэхъун» (Къэхъун)

Епщыкlубгъуанэ джэгугъуэ
Шыщхьэуlум и 13
(щэбэт)
«Нарт» - «Союз-Сэрмакъ»
«Горис-179-Кавказкабель» - «Автозапчасть»
«Псыгуэнсу» - «ЛогоВАЗ»
«Тэрч» - «Велес»

Шыщхьэуlум и 14
(тхьэмахуэ)
«Бахьсэн» - «Кэнжэ»
«Къэхъун» - «Спартак-Налшык-Д»
«Бедик» - «Родник»
«Iэдиихуу» - «ХьэтIохъущыкъуей»

ЕтlощIанэ джэгугъуэ
Шыщхьэуlум и 20
(щэбэт)
«Кэнжэ» - «Тэрч»
«Велес» - «Горис-179-Кавказкабель»
«Автозапчасть» - «Нарт»
«Спартак-Налшык-Д» - «Бахьсэн»

Шыщхьэуlум и 21
(тхьэмахуэ)
«Союз-Сэрмакъ» - «Iэдиихуу»
«ХьэтIохъущыкъуей» - «Псыгуэнсу»
«ЛогоВАЗ» - «Бедик»
«Родник» - «Къэхъун»

Тlощlрэ еанэ джэгугъуэ
Шыщхьэуlум и 27
(щэбэт)
«Спартак-Налшык-Д» - «Кэнжэ»
«Iэдиихуу» - «Автозапчасть»
«Нарт» - «Велес»
«Горис-179-Кавказкабель» - «Тэрч»

Шыщхьэуlум и 28
(тхьэмахуэ)
«Бахьсэн» - «Родник»
«Къэхъун» - «ЛогоВАЗ»
«Бедик» - «ХьэтIохъущыкъуей»
«Псыгуэнсу» - «Союз-Сэрмакъ»

● Пшыхьэр

Абеикъуэ Шухьэиб ягъэлъапlэ

Иорданием къыщалъхуа, хэкужьыр илъэс 45-рэ хъуауэ псэуплэ зыщlыжа Абеикъуэ Шухьэиб илъэс 80 зэрырикъуар иджыблагъэ Бахьсэн къалэ щагъэлъэпlащ.

ПШЫХЬЫР къызэlуихащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцlэ Мухьэмэд.

- Уэзса псэукlэр къызэрэнэкlыу нэгъуэщl щlыпlэ, ар адэжь щlыналъэу щытми, гъащlэр щызэтебухуэжьыныр тыншкъым, - жиlащ Мухьэмэд. Ауэ апхуэдэ гугъуехьым къигъэувыдакъым Шухьэиб. Истамбылакlуэм и щlэблэхэм ящыщу япэу адэжь лъахэм къихьэжахэм ящыщщ ар. Хэкум хуиlэ лъагуныгъэм и фIыгъэкlэ лъэпощхьэпо псори къызэрэнэкlри, къызэдэкlуэжам щегъэкlуэкl гъащlэм зыхигъэзэгъэжащ. Абы лъандэрэ илъэс 45-рэ дэкlащ, щlыхуэм фIыуэ къыпlагъуу, и пщlэр лъагэу мэпсэу. Нэхъыжьыфlым сэнэхъэжьу и щlэблэм я гуфlэгъуэ куэд илъагъуу адэкlи гъащlэ узыншэ ирихьэкlыну.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Абеикъуэ Шухьэиб куэд щlауэ зэрицlыхур, и дуней тетыкlэкlэ адыгэлl нэсым и щапхъэу къызэрильытэр. Абы жиlащ ДАХ-м и дамыгъэ щlыпсэу псэущхьэ щlыкlуэмрэ къуалэхэмрэ, хьэпщхупщхэмрэ удз жылэхэмрэ. Лыгъэм щlыгулъыр Iисраф ещl, езы щыри епхъэж. Щlэныгъэлlхэм мы Iуэхум сэбэпынагъ гуэр кьишэу къальытэххэркъым.

Цlыхум и гудзакъэншагъэкlэ къызэщlэлында мафlэм унэхэр, бжьыхьэр, гуэщхэр, егъэзэщхэр хесхьэ, электрокъару зрикlуэ кlапсэхэм ящlэгъэкъуа пкъохэр къеГъауэ. Урысейм и щlыналъэм абы цlыхухэр щыхэкlуади къэхъуащ. А псом къэхъкlыу, КъБР-м Щlыуэпсым и хъугъуэфlыгъуэхэр хъумэнымрэ экологиемкlэ и министерствэм дигу къегъэкlыж мафlэс шынагъуэншагъэм и хабзэхэм тетын зэрыхуейр:

- зэрыункlыфlар хьэкъ фщымыхьупауэ тутын кlэф-хэмрэ мафlэдзэмрэ хьфlэвмыдзэ, мыштыкуэхэм яжьэ пщтырхэр къивмыгъэщащ, абджьим къыхэщlыкlа кумбыгъэхэр адэкlэ-мыдэкlэ къыщывмыгъанэ:

- автомобиль фису тутын фыщцефэкlэ (къаlэ, куажэ щыбфхэм фыщцlэзэхэзекlуэкlэ) сахуалъэхэр къэвгъэсэбэп - тутын кlэфхэмрэ мафlэдзэхэмрэ щхьэгъубжэхэм дэвмыдз;

- мафlэ фщцын ипэкlэ, ар щыщlэвгъэстыну щыпlэр сакъыу къыхэфх;

- пхъэ ныкъуэфхэр щыдзэхуэдзыса, ежьужьхэр куэду зэрыт, жыгхэм къапылуэ тхьэмпэхэр щызэтекъуэхьа щыпlэхэм, жыг щlагъэм мафlэ щывмыщl;

- мафlэ щцифщl щыпlэр жьууръуэджэмэ нэхъыфlщ, езы лыгъэми зебгъэубгъущэ хъунукъым, ар хуэм-хуэмурэ зэщlэгъэплъэн хуейщ, пхъэхэр зэкlэлъыгъэкlуаеу теплъхьэурэ;

- мафlэ щызэщlэвгъэстыну щыпlэр япэщlыкlэ вгъэкъабзэ, щы фIыцlэр къыщlэщыху, ихъуреягъым сантиметр 50 хуэдиз къызэщlиубыдэку:

- зыщцыбгъэпсэху мэзыльэ, парк щыпlпlэхэм мыункlыфIыжа мафlэ лъэужь къыщыбмыгъанэ, тутын кlэфхэр щыхьфlэвмыдзэ;

- фи ежьэжыгъуэр къэблэгъауэ пхъэ гъэсын кlыхьэкр, гъумхэр мафlэм пэрыбмылъхъэ;

- мафlэ щыфщlа щыпlэм, фыкъыуlыкlыжын инкlэ, щы тlэкlу текlутэн е псы текlэн хуейщ, ар зэрыункlыфlыжар фlъагъуэу;

- дагъэ зыщlэт е бензинрэ фэтыджэнрэ зыщlэзыфа, къэлындынкlэ шынагъуэ тхьылъымпlэ, щэкl, бжьэхуэ хуэдэхэр фыздэщыса щыпlэм къыщыбмынэ;

- мэзыр унагъуэм, ухуэныгъэм, промышленностым я кlэрыхубжьэрыхуэхэм евмыгъэфlей;

- удзым, абы сыт хуэдэ теплъэ имыгъуэтами, мафlэ щlэвдзэ хъунукъым.

Мэзым мафlэс къыщыхъуаеу е удзым лыгъэ хадзауэ фlьагъымэ, Къэбэрдей-Балъкъэр мэз хозяйствэм и къэрал бюджет Iэхуущlапlэм и щыналъэ диспетчер Iэнатlэм хьабгъэ евгъащlэ хъунущ мы телефонымкlэ (88 652) 97-38-76; мэзыр зыхъумэжэн занщlэу икlи пщlэншэу зэрызапыфщlэну телефонри мыращ: 8-800-100-94-00.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Удз гъуахэм мафlэ евмыдз

2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и губгъуэхэмрэ мэзхэмрэ мафlэс къыщыхъунымкlэ шынагъуэ иджыри щыlэщ. Апхуэдэ къэхъукъащlэхэр и нэхъыбэм къызыхэкlыр цlыхухэм я Iэпэдэгъэлэлагъымрэ я гудзакъэншагъэмрэщ.

● Гу зылъытапхъэ

ПСАЛЪЭМ папщlэ, удз гъуахэм лыгъэ щрадзкlэ, зызыубгъуу къызэщlэлыда мафlэм хокlуадэ а щlыпlэм щыпсэу псэущхьэ цlыкlуэмрэ къуалэхэмрэ, хьэпщхупщхэмрэ удз жылэхэмрэ. Лыгъэм щlыгулъыр Iисраф ещl, езы щыри епхъэж. Щlэныгъэлlхэм мы Iуэхум сэбэпынагъ гуэр кьишэу къальытэххэркъым.

Цlыхум и гудзакъэншагъэкlэ къызэщlэлында мафlэм унэхэр, бжьыхьэр, гуэщхэр, егъэзэщхэр хесхьэ, электрокъару зрикlуэ кlапсэхэм ящlэгъэкъуа пкъохэр къеГъауэ. Урысейм и щlыналъэм абы цlыхухэр щыхэкlуади къэхъуащ. А псом къэхъкlыу, КъБР-м Щlыуэпсым и хъугъуэфlыгъуэхэр хъумэнымрэ экологиемкlэ и министерствэм дигу къегъэкlыж мафlэс шынагъуэншагъэм и хабзэхэм тетын зэрыхуейр:

- зэрыункlыфlар хьэкъ фщымыхьупауэ тутын кlэфхэмрэ мафlэдзэмрэ хьфlэвмыдзэ, мыштыкуэхэм яжьэ пщтырхэр къивмыгъэщащ, абджьим къыхэщlыкlа кумбыгъэхэр адэкlэ-мыдэкlэ къыщывмыгъанэ:

- автомобиль фису тутын фыщцефэкlэ (къаlэ, куажэ щыбфхэм фыщцlэзэхэзекlуэкlэ) сахуалъэхэр къэвгъэсэбэп - тутын кlэфхэмрэ мафlэдзэхэмрэ щхьэгъубжэхэм дэвмыдз;

- мафlэ фщцын ипэкlэ, ар щыщlэвгъэстыну щыпlэр сакъыу къыхэфх;

- пхъэ ныкъуэфхэр щыдзэхуэдзыса, ежьужьхэр куэду зэрыт, жыгхэм къапылуэ тхьэмпэхэр щызэтекъуэхьа щыпlэхэм, жыг щlагъэм мафlэ щывмыщl;

- мафlэ щцифщl щыпlэр жьууръуэджэмэ нэхъыфlщ, езы лыгъэми зебгъэубгъущэ хъунукъым, ар хуэм-хуэмурэ зэщlэгъэплъэн хуейщ, пхъэхэр зэкlэлъыгъэкlуаеу теплъхьэурэ;

- мафlэ щызэщlэвгъэстыну щыпlэр япэщlыкlэ вгъэкъабзэ, щы фIыцlэр къыщlэщыхуу, ихъуреягъым сантиметр 50 хуэдиз къызэщlиубыдэку:

- зыщцыбгъэпсэху мэзыльэ, парк щыпlпlэхэм мыункlыфIыжа мафlэ лъэужь къыщыбмыгъанэ, тутын кlэфхэр щыхьфlэвмыдзэ;

- фи ежьэжыгъуэр къэблэгъауэ пхъэ гъэсын кlыхьэкр, гъумхэр мафlэм пэрыбмылъхъэ;

- мафlэ щыфщlа щыпlэм, фыкъыуlыкlыжын инкlэ, щы тlэкlу текlутэн е псы текlэн хуейщ, ар зэрыункlыфlыжар фlъагъуэу;

- дагъэ зыщlэт е бензинрэ фэтыджэнрэ зыщlэзыфа, къэлындынкlэ шынагъуэ тхьылъымпlэ, щэкl, бжьэхуэ хуэдэхэр фыздэщыса щыпlэм къыщыбмынэ;

- мэзыр унагъуэм, ухуэныгъэм, промышленностым я кlэрыхубжьэрыхуэхэм евмыгъэфlей;

- удзым, абы сыт хуэдэ теплъэ имыгъуэтами, мафlэ щlэвдзэ хъунукъым.

Мэзым мафlэс къыщыхъуаеу е удзым лыгъэ хадзауэ фlьагъымэ, Къэбэрдей-Балъкъэр мэз хозяйствэм и къэрал бюджет Iэхуущlапlэм и щыналъэ диспетчер Iэнатlэм хьабгъэ евгъащlэ хъунущ мы телефонымкlэ (88 652) 97-38-76; мэзыр зыхъумэжэн занщlэу икlи пщlэншэу зэрызапыфщlэну телефонри мыращ: 8-800-100-94-00.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Къуэш

● Фэеплъ

Зи уахътыр къэса цlыхур дунейм йохьэ, и ныбжьыми, и Iэщlагъэми, и щlэхуфlагъыми емылъытауэ, ауэ абы и щlэр къраlуэху, езыри псэууэ жалэ. Мы тхьэпсэр зытеуухуа, Курп Ипщэ къуажэм дэса Ащхъуэт Муlэед Аскэр-хьан и къуэри ящыщщ зи щlэр фIыкlэ дунейм къьпеханэм. Махуэ щlагъуэ дэкlыркъым абы и гугъу ямышlу, и гушlэ, и псалъэ ягу къамыгъэкlыжу.

Зыщlыхуу жылэм дэс псори «Къуэшт» зэреджэр мы щlалэм. Икlи а цlэм щыхьэт техъуэу - хэти къуэш нэхъыжь, хэти къуэш нэхъыщlэ хуэдэу яхущытт. Сыт хуэдэ Iэхуэкlэ убгъэдыхьами, «хьэуэ» хэмылъу ар къыпхуищlэнут, Iэхуэхъуабзэкlэ хуэдэр зырыт. Унагъуэм я нэхъыжьри я нэхъыщlэри абы сыт-пшы дежи еупщlыжу, Къуэш жраIамэ, я Iуэху psori зэфIэкlауэ къаlэытэу апхуэдэут зэрыщытыр.

Цlыху щыпкъэу, гуапэу, псэ хъ-лэлу дунейм тетащ Муlэед. Сыт щыгъуи Iэнатlэ пэрыту, езым и пщэ къыдэхуэ Iэхуэхэр дагъэзнэшэу зэригъэзащlэм нэмыщl, и лэжьэгъуэхэми защlигъакъуэу, «зыхимыщlкlрэ зыхэмызагъэрэ щыlэкъым» къыхужаIэу цlыхухэм яб-гъэдэтащ.

Унагъуэкlи нэхъ гумащlэ уигъэлъыхъуэнт Муlэед. И щхьэгъусэ Юзэрэ езымрэ зэгурыlуэрэ зэдэlуэжу, гъэсэныгъэ екlу зыхалъхьа щlэблэ дахэ къызэрыщlэувэм щыгугъфыкlыу зэдэпсэуащ. Балигъ хъууэ унагъуэ щхьэхуэ езыхэм яухуэжа пэтми, абыхэм я бынхэу Хьэжмурат, Хьэзрэт, Анжелэ сымэ ятеубгъуауэ, ятегужьеикlауэ апхуэдэт. Къуэш и гулытэр яльысырт и гъунэгъухэми и ныбжьэгъухэми...

Ажалыр еплъыркъым цlыхум и фIагъэм, Iеягъми. Муlэед и гъащlэр къызэпыуадащ и ныбжьыр илъэс 56-м иту. «Куэд къимыгъащlами, куэд хуэфIэкlащ», - зыхужаIэхэм хуэдэщ ар.

Псэужамэ, мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирикъну арат. И хьэдрыхэр фIы Тхьэм ищl! Дыхуэрэзащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Эммэ.

Тхьэмокъуэ Жаннэ Пётр и пхъум и Iыхьлыхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ хуогузавэ абы и адэ, усакlуэ, журналист, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Къэжэр Пётр Хьэиб и къуэр** зэрыпlам къыхэкlыу.

Ди газетым и къыкlэлъыкlуэ номерыр къыщыдэкlынур бадзэуэгъуэм и 30-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь ЖЬЭКlЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфIыцlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Шырдэн Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, Нэщlэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щlхьэщэмыщl Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэкlэжмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядлэжьэныкlэ - 42-60-53; къыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкlэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Къыдэзыгъэкlэжмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр **Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33**

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху ептыкlэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр I994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня,** *редактору* **Льостэн Музэ,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(2, 4, 5-нэ нап.),* **IкъитIыкI Азэмэт** *(1, 3, 6-нэ нап.). Компьютеркlэ газетым и тепlэр ящlащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биц Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхъеящащ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 3.538 ●Заказ №1067